ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

☆☆☆☆☆☆ №№23-24 (23.682) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 17, щэбэт ● И уасэр тумэнитIщ ☆☆☆☆☆☆

Сочэ къыщаIэтащ къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр

Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий къыщыпсэлъащ Сочэ щекIуэкI инвестицэ зэхуэсыщхуэм и пленар зэIущIэм. Абы хэтащ Къабэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий мазаем и 15-м къыщыпсэлъащ Сочэ щекIуэкI инвестицэ зэхуэсыщхуэм и пленар зэIущIэм. Абы хэтащ Къабэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

УРЫСЕЙМ и Премьер-министрым къыхигъэщхьэхуKIащ: «Дэ щIэрыщIэу дыхэплъэкын хуейщ ди щIыналъэхэм, апхуэдэу зэрыщыту къэралым яIэ экономикэ зэфIэкIхэм, ахэр дунейпсо зыужьыныгъэм тэмэму хэдгъэувэн папщIэ. Иджыпсту щыIэ IэнатIэхэм заужьыным къыдкIуэу, инвестицэхэм къызэрагъэпэщын хуейщ IэнатIэщIэхэр къызэIухыни. Къэралым, апхуэдэу щIыналъэ щхьэхухэхэм я экономикэр лъэщу икIи узыншэу эзтедгъэувэну дыхуеймэ, дэ гулъытэ хуэдмыщIу хъунукъым а экономикэм и зэхэлъыкIэр тэмэму убзыхуним».

Иджыпсту екIуэкI Iуэхухэм я гугъу щIщIым, Медведев Д. А. жиIаш: «ЦIыху эмылIэжьыбгъэхэр куэдрэ тепсэлъыхьащ макроэкономикэ зэпIэзэрыныгъэ щыIэн зэрыхуейм икIи апхуэдэ зэпIэзэрытыныгъэ дэ къызэдгъэпэщащ. НэгъуэщI къэралхэр ди экономикэм къыщIэпщIэува лъэхъэнэм ар сырыем и уасэм зэрелъытар кIуэтэху нэхъ мащIэ мэхъу. Инфляцэр нэрылъагъуу ехащ икIи нэгъабэ ар проценти 2,5-м нэсащ. Дыззрыт илъэсым и щIышылэ маздэм ар аргуэру нэхъ лъхъышэ хъуащ икIи 2017 гъэм и щIышылэм елытауэ къэббжмэ, проценти 2,2-рэ хъуурэ аращ. Мыпхуэдэ Iуэхухэр дэ псынщIэ дыдэу тщогъупщэж, абы къыхэкIыу фигу къэзгъэкIыжынщ илъэситI апэкIэ, 2015 гъэм, ар хуэдитхукIэ (процент 13) зэрынэхъыбар. Дэ ди финанс IэнатIэмрэ лъэпкъ валютэм и уасэмрэ зэпIэзэрытщ. Ди бюджетри зэхуэгъэкIуащи, мы гъэр зыри хуэмычэму, еблэмэ ахъшэ къыхудэхуауэ ихукIкIэ хъунущ. Суверенно фондым ахъшэ хэтлъхьэу щIэддзащ. Валовэ къэрал кIуэцI продуктым, куэд дыдэу щымытми, хэхъуэ иIэщ икIи ар къыпэкIуащ IэнатIэ пыухыкIахэм къэралр зэрыдэIэпыкъум. Апхуэдэу жысIэну сыхуейщ къэралым дяпэкIэ зэи къэмыхьуауэ гъавэшхуэ къызэрыщрахьэлIар икIи ар кърикIуащ псоми зэщIыгъуу едгъэкIуэкIа лэжьыгъэм».

Урысей Правительствэм и Iэтащхьэм жиIаш къэпщытакIуэ-кIалъэплъакIуэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэр яхъуэжыну зэрамурадыр икIи абы и фIыщIкIэ хъарычэтыщIэхэм я Iуэхур нэхъ тынш хъун зэрыхуейр. Къэрал Думэм щIалъхьащ къэрал кIэлъыплъныгъэм и лIэужьыгъуэ псори зыубзыху законопроект. «Губзыгъагъэ» зыхэлъ къэпщытэныгъэм и системэ зэтрагъэувэн хуейщ. КъэпщытакIуэ органхэм иджыпсту щыщIэдзауэ я къалэнщ абыхэм зи лэжьыгъэр къапщытэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Къэпщытэныгъэхэм къахь сэбэпныгъэр дэ иджы къызэрытIысытэр абыхэм япкъ иткIэ тралъхьа тезырхэмрэ къуаншэу къалъытахэм зэретхэкъуа ахъшэмкIэкъым, атIэ ныкъусаныгъэхэр къытрагъэзэжу ямылэжьыным теухуауэ зэфIагъэкIа-хэрщ. А лэжьыгъэм дэ адэкIи пытщэнущ. Ауэ федеральнэ IэнатIэм къыщрахьэжьэ Iуэхухэм сэбэпныгъэ къыщыхуэнуфу ахэр щIыналъэ, муниципальнэ властхэм щыдаIыгъым дежщ.

Пэжщ, зи Iуэхур нэхъ хьалъэ щIыналъэхэр щыIэщ. ИкIи дэ зэпымуууэ къэтIыхьуэнущ абыхэм дазэрыдэIэпыкъун Iэмалхэр. Ауэ мурад нэхъыщхьэр зыхуэнэтIар щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу жеежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Къэпщытэныгъэхэм къахь сэбэпныгъэр дэ иджы къызэрытIысытэр абыхэм япкъ иткIэ тралъхьа тезырхэмрэ къуаншэу къалъытахэм зэретхэкъуа ахъшэмкIэкъым, атIэ ныкъусаныгъэхэр къытрагъэзэжу ямылэжьыным теухуауэ зэфIагъэкIа-хэрщ. А лэжьыгъэм дэ адэкIи пытщэнущ. Ауэ федеральнэ IэнатIэм къыщрахьэжьэ Iуэхухэм сэбэпныгъэ къыщыхуэнуфу ахэр щIыналъэ, муниципальнэ властхэм щыдаIыгъым дежщ.

Пэжщ, зи Iуэхур нэхъ хьалъэ щIыналъэхэр щыIэщ. ИкIи дэ зэпымуууэ къэтIыхьуэнущ абыхэм дазэрыдэIэпыкъун Iэмалхэр. Ауэ мурад нэхъыщхьэр зыхуэнэтIар щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм езыхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ япыщIэ IэнатIэхэм хуагъэувэ Iуэху псори хэлъыIуу ящыну. Къэпщытэныгъэхэм я реестр зэгуэтыр лажьэу хуежьащ. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ щIыналъэ властхэм

Урысейм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я стендхэм еплъащ, Къабэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм щыгъуазэ зищIащ

«ЩIыналъэхэм халъхьэ инвестицэр къэкIуэнум халъхьэ инвестицэщ» цIэр иIэу Сочэ щекIуэкIа зэхьыхэшхуэм хэтахэм я пленар зэIущIэм и пэ къихуэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм зэщIыгъуу къызэрагъэпэща стендхэм еплъащ, Къабэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм щыгъуазэ зищIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Италием и лIыкIуэу Урысейм щыIэмрэ тепсэлъыхьащ экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм зэрыщызэдэлажьэм зегъэубгъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм

Сочэ щекIуэкI инвестицэ зэхуэхьэшхуэм хиубыдэу КъабэрдейБалъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хуэзащ Италием и лIыкIуэу Урысейм щIэныгъэкIуа Террачанэ Паскуале.

АХЭР ХЭПЛЪАЩ экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм зэрыщызэдэлажьэм зегъэубгъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм. Ялэ игъэщIапхъэхэм ящыщу къалъытащ промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, мэкъумэшхэкIхэм елэжьыным, турист-рекреацэ комплексым, егъэджэныгъэм япыщIа проектэхэр.

ЗэIущIэм крихьэлIащ Италием пщIэ зиIэ и генеральнэ консулу Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округэм щыIэ Лодиджиани Пьерпаоло.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

КIУЭКIУЭ Юрий:

Зыр адрейм щIыдэплъеин щыIэщ

Къабэрдей-Балъкъэрым Чувашиемрэ зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзэ

Сочэ щекIуэкI инвестицэ лэжьыгъэшхуэм хиубыдэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Чувашие Республикэм и Iэтащхьэ Игнатьев Михаилрэ Iэ щIадзащ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэдзэлажьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм.

ДОКУМЕНТым къыщыгъэлъэгъуащ промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я IэнатIэхэм зэрыщызэдэлажьэм зегъэубгъуныр, республикитIым яку дэлъ сатум хэгъэхъуэныр, хозяйствэ щхьэхуэхэм я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ куууэ къызэгъэпэщыныр, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я лъэныкъуэкIэ зэхуэжэныр.

«ЛъэныкъуитIми яIэщ зыр адрейм щIыдэплъеин Iуэхухэр. Иджы зэгурыIуэныгъэм и фIыщIэкIэ лэжьакIуэ гуп къызэдгъэпэщу IэнатIэ щхьэхуэхэм дызэрыщызэдэлажьэнум теухуауэ дубзыхуахэр ГъэзэщIэным щIэддзэ хъунущ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Чувашием и унафэщIым къыхигъэщхьэхуKIащ зэгурыIуэныгъэм къызэщIиубыдэ Iуэхухэр пхыгъэкIыныр социально-экономикэ зыужьныгъэр нэхъри щIэзгъэхуэбжьэнымкIэ сэбэп зэрыхъунур.

КъабэрдейБалъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Къабэрдей-Балъкъэрым «Шахмат хьэщIэщ» къыщызэIуахынущ. Абы теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Васильевэ Ольгэрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ

Вэсэмахуэ пщыхьэщхьэм Сочэ щекIуэкI инвестицэ зэхьыхэшхуэм хэтхэм связым и Iэмалхэр къагъэсэбэпри, зыкъыхуагъэзащ Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий творческэ академием и «Кванториум» технопаркым и гъэсэн ныбжьыщIэхэм.

ИНВЕСТицЭ зэхьыхэшхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм къагъэлъэгъуащ щIэныгъэ гуэдзэн зэрыригъэгъуэт щIыкIэм зегъэужьыныр егъэджэныгъэм екъэлIа федеральнэ проектыр гъэзэщIэным-рэ я IэныкъуэкIэ ди щIыналъэм куэд зэрыщызэфIагъэкIар. Ди республикэм къыхуагъэлъэгъуащ шахмат щIэныгъэр сабийхэм щрагъэгъуэт субъект нэхъыщхьэхэм яхьыхэну. Абы ипкъ иткIэ зэгурыIуащ «ДыгъафIэ къалэ» сабий творческэм академием и «Кванториум» технопаркым «Шахмат хьэщIэщ» къыщызэIуахыну.

Зыхуэфащэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Васильевэ О. Ю., КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А., Егъэджэныгъэм зегъэужьыныкIэ IэмалыщIэхэм я фондым и унафэщI Раковэ М. Н., «ПрофЧессКлаб» шахмат клуб» зэгучъэныгъэм и попечительскэ советым и тхъэмадэ Дворкович М. В. сымэ.

Урысейпсо инвестицэ зэхьыхэшхуэм и яп махуэм къырикIуахэм япкъ иткIэ федеральнэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ Iанэхэм я лIыкIуэхэр зыщIэнущIащхэм жэуап иритащ КIуэкIуэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

КIуэкIуэ Ю.А., «Росконгресс» фондым и унафэщI Стуглев А.А. сымэ Iэ щIадзащ нэхъ фейдэхъуэ зыпылъ щIыналъэ проектхэр къэрал щIыб, къэрал кIуэцI рынокым щыпхыгъэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэм

Сочэ щекIуэкI инвестицэ зэIущIэшхуэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, «Росконгресс» фондым и унафэщI Стуглев Александр, «Урысейм и юристхэм я ассоциацэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Груздев Владимир сымэ зэщIыгъуу Iэ зыщIадза зэгурыIуэныгъэр хуэунэтIащ Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и инвестицэ зэфIэкIыр къэIэтыным, абы нэгъуэщI къэралхэм щищэ продукцэм хэгъэхъуэным, нэхъыбэкIэ зэщIыгугъэ хъуну щIыналъэ проектхэр къэрал кIуэцI, къэрал щIыб рынокым щыпхыгъэкIыным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Къабэрдей-Балъкъэрым зрегъэубгъу Урысейм и адрей щIыналъэхэм зэрапыщIам. Сочэ Iэ щыщIадзащ Тулэ областым дызэрыдэлажьэным теухуа зэгурыIуэныгъэм

Абы къыщыгъэлъэгъуащ экономикэм, сатум, щIэныгъэм, уэныщагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, льэныкъуитIым я дежкIи сэбэп зыпылъу щыт адрей IэнатIэхэм я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныр.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Тулэ областым и губернатор Домин Алексейрэ къыхагъэщхьэхуKIащ щIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи Iэ зыщIадза зэгурыIуэныгъэм щIыналъитIми щыпсэухэм фIы къаззрыхуихьынур я фIэщ зэрыхьур жаIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

РОМА S.A.S. франджы компаниери хэту Къабэрдей-Балъкъэрым щащIынущ цIыхухэм къызэракIухь кIапсэ гъуэгухэр зыгъэхьэзыр IэнатIэ

Сочэ щекIуэкI Урысей инвестицэ зэхьыхэшхуэм и яп махуэм «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэмрэ РОМА S.A.S. франджы компаниемрэ Iэ щIадзащ «Лъэпкъ кIапсэ гъэзугъэр» ООО урысей-франджы предприятэ къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыIуэныгъэм. ЩIэуэ къызэIуахыну предприятэм и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIауэ щытынур къуршхэм щыIэ курортхэм папщIэ кIапсэ гъэзугъэмрэ къалэхэм къыщагъэсэбэп кIапсэ гъэзугъэмрэ гъэхьэзырыныр.

«Лъэпкъ кIапсэ гъэзугъэр» компанием и устав мылъкур лъэныкъуитIми зэхадзэнущ.

2018 - 2019 гъэхэм кIапсэ гъэзугъэр щызэпкъралъхьэу щIадзэнущ Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ заводхэм ящыщ зым. Iэщ Iагъэлъэхэм къызэралъытэмкIэ, ар къэралым кIапсэ гъэзугъэр къыщыщIэгъэкIыныжмкIэ лъэбакъуэщIэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

● Пхёнчхан-2018

Трегубов Никитэ

Дыдейхэр хуэмурэ къокIуэтэх

Спицов Денис

Кореем и Пхёнчхан къалэм щекIуэкI XXIII Щымахуэ Олимп джэгуэхэм я еблэнэ, еянэ махуэхэмы Урысеймм щыщ атлетхэм дыщэ медаль къахуихьакъым. Абы щыгъуэми Трегубов Никитэ и дыжьынымрэ Спицов Денисрэ Воронинэ Натальерэ я жэзымрэ екъулIэныгъэшхуэу къэплъытэ хъунущ.

СКЕЛЕТОНЫМКIЭ зэхьэзэхуэхэм хэгъэрейхэм къащIэлъэщIын щымыIэу къалъытэ. Абыхэм нэхъыфIу ящIэ дэнэ и деж сыт хуэдэ быркъуэщыркъуэ щыIэми, зыгъэшпIэм хуэсакъыпхъэми. Адрейхэм ящыщу текIуэращ нэхъыбэм ипэжыпIэкIэ чемпиону къалъытэр. Апхуэдэ гупсысэм тепщIыхьмэ, **Трегубов Никитэ** вэсэмахуэ псоми ефIэкIащ. Урысей атлетым япэ къыщыфар Кореем и скелетонистращ.

Трегубовыр XXIII Щымахуэ Олимп джэгуэхэм кIуащ и тренерхэмрэ дэIэпыкъуэгъуэхэмрэ и мыгъуэсу. Ахэр ящыщщ Пхёнчхан хуэзышэ гъэгуэр пасэу зыхуэзэхуащIахэм. Арати, зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу жэщым абы и скелетоныр езым и IэкIэ зэпеуэм хуигъахъэзырыжьын хуей хъуащ, и Iэгуэзм ящIа лэрыгъуэхэм иджыпсту лъыр къыщиудынущ жыпIэу. А Iуэхугъуэм хуабжьу игъэгубжьа Никитэ ерыщагъ ин зыхилъхьащ икIи нэху къекIри, Олимпиадэм и дыжьын медаль зыIэригъэхьащ. Абы и хьэрхуэрэгъуэхэри къыхуэдзэлашхэрт, Урысейм икIа атлетхэм сэлам зэрырамыхьим, нэмыплъ зэрыратым папщIэ яхужиIа хъуэр псалъэзэр ягу темыхуэу.

ЛыжэмкIэ километр пщыкIутху къыщыззэранэкIми ди щIалэщIэхэм дагъэгуфIащ. ФIэщщыкIыгъуейщ, куэдым ямыщIыху **Спицов Денис** а зэхьэзэхуэм медаль гуэр къыхихьфыну щыгугъа щыIэу. АрщхьэкIэ...

- Финишым сыкъэсыхукIэ зы мэскъалкIи си фIэщ хуэакъым медалхэм ящыщ гуэрым сылъэIэсыну, - жиIащ иужькIэ зэхьэзэхуэм кърикIуахэр зыфIэтелъыджэ Спицовым. - Саугъэт зратынухэм сахэхуэну сигу къэкIыххэртэкъым, арщхьэкIэ зэпеуэр тыншу езгъэжьа хъури, си насыпыр къикIащ. Мы медалыр фэеплъ хуэзощI илъэсибл илэкIэ хэкIуэда си адрэм, сыт щыгъуи абы и псэр къызэрыщыхьащытыр, къызэрызэIэпыкъур быдэу си фIэщ мэхъу.

ЦIыхубзхэр лъэрыжкIэ метр 5000-м къыщыздзэжьэ **Воронинэ Наталье** жэз медалыр къафIихьащ. Ари куэд зыпэмыплъа Iуэхугъуэщ.

МахуитI ипэкIэ ирагъэжьа хоккеймкIэ зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ зэIущIэм 2:0-у япэ щищами, икIэм-икIэжьым Словакием 2:3-уэ къызэрыщыхигъэщIам Урысейм икIахэр игъэгубжьащ жыпIэныр зырикIщ. Я нэхэм хъуаскIэр къыщIихьу дыгъуасэ ахэр утыку кьиьащ. Ди хоккеистхэм я губжьыр ятехуащ нэхъапэIуэкIэ зыхэт гупым США-м и командэ къыхэхам 3:2-уэ ефIэкIа Словениеми. И ныбжьыр илъэс 36-м щIигъуауэ иджы яп дыдэу Олимп джэгуэхэм хэтыну ираджа, къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэм шайбэ щыдагъэкIахэм я бжыгъэмкIэ зыкъом щIаэ псори къызэзэпэнэкIа Мозякин Сергей бжыгъэр къызэIуихри, адэкIэ я хьэрхуэрэгъуэм нэплъэгъуэ иратакъым. КIэух бжыгъэр 8:2-щ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я хоккеистхэр 2:1-уэ дыгъуасэ текIуащ Словакием. Араща, Урысеймрэ США-мрэ я командэ къыхэхахэм я нобэрей зэIущIэм щызэхэкIынущ зыхэт гупым бжьыпэр щызэIуубыдынур хэтми.

Ди хэкуэгъуэ щыта Кузьмина Анастасие иджыри зы дыжьын медаль Словакием Пхёнчхан къыщыхуихьащ. БиатлонымкIэ зэхьэзэхуэм ар етIуанэу къэсащ. XXIII ЩIымахуэ Олимп джэгуэхэм я къэралым щызыIэригъэхуа екъулIэныгъэ псори зэкIэ къыхузэзыIэжьар Анастасиещ.

Иужь махуитIым медаль нэхъыбэ дыдэ къэзыхьар Норвегием и спортсменхэращ. Абыхэм зыIэрагъэхьащ дыщэу 4, дыжьыну 3, жэзу 2 икIи официальнэу щымыт гуп зэпеуэм и етIуанэ уэвлIэм нэс щыдэкIуэтэещ. АрщхьэкIэ бжьыпэр зыIыгъ Германиеми икIуэтыну и муурадкъым. Абы и дыщэ медалхэм агъуэру 3 хигъэхуащ икIи и пашэныгъэр зэрыбдэщ. Ди жагъуэ зэрыхъуэри, Урысейм щыщ атлетхэр къекIуэтэх зэпытщ - иджы ахэр епщыкIутхуанэщ. Соревнованиер Сочэ Союзым и щыдыхэтахэм ящыщу Пхёнчхан щекIуэкI XXIII ЩIымахуэ Олимп джэгуэхэм медаль къыщыщIэзыхьыфар Белоруссиемрэ (зы дыщэ) Къэзахъстанымрэщ (зы жэз).

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

XXIII ЩIымахуэ Олимп джэгуэхэм къыщахьа медалхэр (мазаем и 16-м ирихьэлIэу)				
Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1. Германие	9	2	4	15
2. Норвегие	6	8	5	19
3. Голландие	6	5	2	13
4. США	5	1	2	8
5. Канадэ	4	5	4	13
6. Швецие	4	2	0	6
7. Франджы	3	2	2	7
8. Австрие	3	1	4	8
9. Италие	2	1	3	6
10. Корее	2	0	1	3
15 Урысей Федерацэ	0	2	6	8


Воронинэ Наталье

● Зэлущlэхэр

Ди щlыналъэм и зэфlэкlхэр Сочэ щагъэлъагъуэ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщl Медведев Дмитрий хэту мазаем и 15-16-хэм Сочэ къалэ щекlуэкlащ инвестицэхэмкlэ урысейпсо зэхуэсыщхуэ. КЪБР-м и Iэтащхьэ КlуэкlуэЮрий зи пашэ лыкlуэ гупи щыlащ а зэлущlэм.

ГУПЫМ хэтащ КЪБР-м экономикэ зыужьныгъэмкlэ и министр Рахаев Борисрэ министерствэм и департаментым и унафэщl Богацкая Севилрэ.

Сочэ и Олимп паркым хэтзэхуэсыпlэ нэхъ ин дыдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэлъэгъуащ мылъку хэплъхьэмэ, хэхъуэ хьарзынэ кьитынкlэ уэзыщыгуфъ хьуну Iэхуэгъуэ зыбжанэ. Мэкъумэщым, промышленностым, узыншагъэр хъумэн Iэнатlэм, туризмэм пыщlауэ ди республикэм щагъэхьэзыра проектхэм зэхэту сом мелард 12 хуейщ. Зэхуэсым апхуэдэу щагъэлъэгъуащ ди щlыналъэм инвестицэ, щэнхабзэ беягъыу бгъэдэлъхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Iуэхущlапlэхэм къащыщlагъэкl ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ. Iэ зытрадза документхэм хэтщ «Росконгресс» фондым, «Урысейм и юристхэм я ассоциацэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэгъусэу зэращlылlа зэгурыIуэныгъэр. Абы къащыщlагъэлъагъуащ щыналъэ проектхэр къэрал кlуэцlми къэрал щIыбми щыпхыгъэкlыныжкlэ дэлэпыкъэгъу къызэрыхуэхьфыну щыкlэр.

Республикэм и Лыщхьэхэм апхуэдэу зэгурыIуэныгъэ иращlылlащ Чуваш Республикэмрэ Тулэ областымрэ сату-экономикэ, щlэныгъэ-техникэ, лъэпкъ-щэнхабзэ Iэхуэхэмкlэ зэдалэжьэным теухуауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Карелие Республикэмрэ я Правительствэхэм зэдалэжьэну къащта зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткlэ 2018-2020 гъэхэм зэфlагъэкlыну я мурад Iуэхугъуэхэр къащыщlагъэлъагъуа тхылъымпIэми Iэ традзащ. Фигу къэдгъэкlыжьынщи, а зэгурыIуэныгъэр 2017 гъэм и мэкъуаугъуэ мазэм Санкт-Петербург щекlуэкlауэ щыта Дунейпсо экономикэ зэхуэсыщхуэм КЪБР-мрэ Карелие Республикэмрэ къащыщlтауэ щытащ. Зи гугъу тщlы зэгурыIуэныгъэр хуэунэтlащ лъэныкъуитlми я промышленностымрэ мэкъумэш Iэнатlэмрэ зэпыщlэным, ХьэпшыпуI ящэмрэ къащэхумрэ хэгъэхъуэным, адрей щыналъэ лъэрыхьхэм хуаIэ экономикэ зэпыщlэныгъэхэр егъэфIэкlуэным, егъэджэныгъэм щэнхабзэмрэ зезыгъэжь зэIущlэхэр къызэгъэпэщыным.

Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкlуэхэм Iэ традзащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм, «Егъэджэныгъэм зэрызрагъэуж Iэмалыщlэхэмкlэ фонд» къэрал IуэхущlапIэм, хьэрычэтыщlэ Iуэхум хэмыт «Шахмат джэгуэгъэ я профессионал клуб» зэгухьэныгъэм иращlылlа зэгурыIуэныгъэхэм.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ,
КЪБР-м Экономикэ зыужьныгъэмкlэ и министерствэм и пресс-секретарь.

● Бахъсэн щlыналъэ

Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

Бахъсэн щlыпIэ администрацэм щекlуэкlащ Урысей Федерацэм и Президент хэхыныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыным теухуа зэIущlэ. Абы хэтащ щlыналъэм хьыхь къуажэхэмрэ хэхакlуэ комиссэхэмрэ я Iэтащхьэхэр. щlыпIэ депутатхэр, район администрацэм къызэщlиубыдэ къудамэхэм я унафэщlхэр.

ЩIЫПIЭ администрацэм и унафэщlым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Къэнэмэт Рустам зэIущlэр къащыщlэзIуихым къызэрыхигъэщамкlэ, хэхыныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыным теухуауэ къапэщылъ Iэлэтрэ Iэлэтрэ щекlуэкlыу щыта Iуэншэу къызэгъэпэщыныгъэ хэхыныгъэм епхауэ щыIэ хабзэхэр къыщызэпауд къэмыгъэхъуныгъэ.

Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырымрэ ар зэрекlуэкlымрэ теухуауэ зэIущlэм къыщыпсэлъащ Бахъсэн районым и щlыналъэ хэхакlуэ комиссэм и унафэщl Бещтокъуэ Хьэмидбий. Абы зэрыжиlамкlэ, щlыналъэм къыщызэрагъэпэщащ Iэ щlэтыну щыпIэу 26-рэ. Абыхэм егъэбыдыпlа хэхакlуэ комиссэхэм хэтхэри ягъэбелджылащ, псори хэхыныгъэ Iуэхум хурагъэджауэ, и пIалъэрэ и хабзэрэ фIыуэ зыщlэ цIыхухэщ. Iэлэтым хэтыну Бахъсэн районым щlыIэ цIыхухэм я бжыгъэр мы лъэхъэнэм ирихьэлIэу 40780-рэ мэхъу.

Бещтокъуэм апхуэдэу жиlащ узыншагъэкlэ зи Iуэху хуэмыкlуэ цIыхухэр Iэлэтым хэгъэтыныжкlэ зэфIэгъэкlипхъэхэри Iэпэдэгъэлэл зэрамыщlыр. Абыхэм я Iуэху еплыкlэр хэхыныгъэхэм къыщlагъэлъэгъуэфын папщlэ Iэлэтыр щекlуэкlэ щыпIэхэр нэхуу, гу цIыкlукlэ ущlыхьэ хъууэ дэкlуеинIэхэр, убыдыпIэхэр иIэу щытынущ.

Бахъсэн щlыналъэ хэхакlуэ комиссэм и унафэщlыр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэм зэрекlуэкlхабзэм щIэуэ къыхьыхьахэм. Псалъэм папщlэ, Iэлэтыпlэ 24-м видеокамерэхэр трагъэувэнущ, 2-м къыщагъэсэбэпыну я мурадщ бюллетенхэр зэхэзыдз, Iэ зыIэтахэр къэзыбж Iэмэпсымэхэр.

Зэlущlэм и кlэухыу Къэнэмэт Рустам Iуэхур зэфIэхыныжкlэ жэуап зыхь лэжьакlуэхэм пщэрылъ ящищlащ Iэлэтым и екlуэкlыкlэм щIэуэ къыжьхьахэр хэхакlуэхэм игъэгъэIэну, хэхэныгъэм и хабзэхэмрэ щынагъуэншагъэмрэ къызэпамыдуу Iэлэтыр кlыхьрагъэпэщыным я нэIэ трагъэтыну. Районым хьыхь къуажэхэм я щlыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм защхьигъаззм, Къэнэмэтым жиlащ электрокъарур зэпымыууэ IэлэтыпIэхэм екlуалIэу щытын зэрыхуейр.

Бахъсэн щlыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

2018 гъэм гъатхэпэм и 18-р

Урысейм и Президентыр щыхъх махуэщ

● Мэкъумэш Iэнатlэ

Утыкур яубыд

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш-промышленнэ Iэнатlэхэм я зэфIэкlым хэхъуэ зэпытщ. Нэрылъагъуу мыбыхэм Урысейм и утыкур яубыд, ягъэхьэзыр фIэIуГъэхэмрэ ерыскъыхэкlхэмрэ адрейхэм йофIэкl.

2017 гъэм и апэ мазибгъум ди мэкъумэш Iуэхущlапlэхэм ерыскъы зэмылIэужьыгъуэу сом мелард 35,5-рэ и уасэ ягъэхьэзыращ. Ар нэгъабэрей бжыгъэм нэхъ хуэдитlкlэ нэхъыбэщ. Хадзэкlэ къудейуэ мы гъэм тонн мин 370-м нэблагъэ ди предприятэхэм къыщlагъэкlащ. Ари 2016 гъэм яIам фIыуэ щхьэдох. Мэкъумэш-фермер хозяйствэхэми я Iуэхур Iеянкъым - гъэшIэ тонн мин 400-м, джэдыкlэр - мелуани 170-м нос. IэщlагъэлIхэм къызэрагъэпэтмкlэ, АПК-м и Iуэхур адэкlиефIакlуэ зэпыту екlуэкlын хуэдэу лъабжьэфI игъэтIылъащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Узыншагъэ

ЕхъулIэныгъэхэм я илъэс

Унэтlыныгъэ зыбжанэ зиIэ, районхэм здэай сымаджэщым 2017 гъэм зэрылэжьам курикlуахэр къыщыпщытэж зэIущlэ щекlуэкlащ. Абы хэтащ КъБР-м уэзыншагъэр хъумэныжкlэ и министр Хъубий Марат, Аруан район администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Аэзмэт, фIэкlыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкlэ щlынальэ фондым и унафэщlым и къуэдзэ Кульбаевэ Мадинэ.

БЛЭКlА илъэсым сымаджэщым хъарзынэу зиужьащ. ЗэфIаха гугъуехьхэм, зыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэм, 2018 гъэм зыхуагъэувыжа къалэнхэм тепсэлъыхьащ Iуэхущlапlэм и дохутыр нэхъыщхьэ Къалэбатэ Рустам.

ЕхъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщlу Лэскэн районым щыIэ сымаджэщым анестезиологиемрэ реанимацэмкlэ, къупщхьэ зэрызэпIэхэмрэ псантхуэ узыфэхэмрэ зиIэ сымаджэхэм я узыншагъэр зэрызэфIэувэжым щыкlэпlыплъ, онкологиемрэ малоинвазивнэ хирургиемкlэ къудамэхэр, операцэ щащlу пэш, литотрипсиемкlэ центр къызэрыщызэIуахар. Iуэхущlапlэр къызэрызэпэщащ фIагъ лъагэ зиIэ иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ. УнэтIныгъэ зыбжанэ зиIэ, районхэм здэай сымаджэщым технологие лъагэхэр кьигъэсэбэпэрэ цIыхухэм яхуищlэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм хигъэхъащ, «онкологие», «урологие» унэтIныгъэхэмкlэ лицензие къыдихри.

Кьищlынэмыщlауэ, сымаджэщыр хагъэхьащ фIэкlыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и мылъкlэ республикэм и цIыхухэм ахъшэшхуэ зытекIуадэ КТ къэпщытэныгъэхэр, пренатальнэ УЗИ-диагностикэр щыхуащ медицинэ Iуэхущlапlэхэм.

Технологие лъагэхэр къагъэсэбэпу медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэзыщlэ сымаджэщым республикэм и цIыхухэм я мызакъуэу, гъэнэгъу щlынальэхэм кьикlыурэ къокlуэ.

Сымаджэщым и Лэскэн къудамэм блэкlа илъэсым зэфIигъэкlаxэм тепсэлъыхьащ а Iэнатlэм и унафэщl Сахъурокъуэ Иринэ. Абы и гугъу ищlащ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэм я фIагъым зэрыхагъэхъуам, щlэуэ къызэрыхуаха къудамэхэм я лэжьыгъэр зэрекlуэкlым. Абыхэм щыхуащlэ Iуэхутхьэбзэхэм цIыхухэр арэзы къызэращlым и щlыхьэтщ зи узыншагъэр абы щыIэзэфIэзыгъэувэжэм я бжыгъэм мазэ къэс зэрыхэхъуэр.

- Республикэм и унафэщlхэмрэ КЪБР-м Узыншагъэрхъумэныжкlэ и министерствэмрэ фи дохутыр нэхъыщlхьэм, гупым къыфхуагъэува къалэнхэр хъарзынэу фогъэзащlэ. Фи Iуэхущlапlэм зэрызиужьым республикэ псор кlэлъоплъ, - жиlащ Хъубий Марат.

Къалэбатэ Рустам и нэIэ щlэт гупым арэзы къызэращlыр жиIэри, я къару емыблэжу зэрылажьэм папщlэ фIыщlэ яхуищlащ.

- Адэкlи нэгъэсауэ ди пщэрылъхэр зэрыдгъэзэщlэнум иужь дитынущ икlи районитIым и цIыхухэр яхуэтщlэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым и мызакъуэу, медицинэ лэжьакlуэхэм хуаIэ щытыкlэхэми арэзы къызэрищlыным дыхущlэкъунущ. Дызытехьа илъэсым екъулIэныгъэхэр фиIэу фIыуэ лэжьэну сынывохьэхъу, - захуигъэзащ гупым Къалэбатэ Рустам.

ТХЬЭХУЩlЫНЭ Ланэ.

● Пшыхьхэр

Я анэдэлъхубзэр, я блэкlар ящlэ

Адыгэлl щэджащэ Къардэнгъущl Зырамыку къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуам хуэгъэпса пшыхь иджыблагъэ щекlуэкlащ Налшык къалэ дэт курыт школ №25-м. Ар къызэрагъэпэщащ еджапlэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ и егъэджакlуэхэм.

НЫБЖЬЫщlЭХЭР тепсэлъыхьащ Къардэнгъущlым и гъащlэ гъэгуанэм. Абыхэм къыхагъэщащ Зырамыку адыгэ щэнхабзэм и зыужьныгъэм лэжьыгъэфI зэрыхилъхьар, ар лъэпкъым и уэрэджыкlаIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу тхыдэм къызэрыхэнар, Iуэрыlуатэр джыныжкlэ Iуэхугъуэшхуэ зэрыригъэкlуэкlар.

Еджакlуэхэм утыку кьрахьащ лъэпкъылI щэджащэм зэхуихьэсыжа псалъэжьхэр, къебжэкlхэр, къеджащ нарт пшынальэхэм, яIуэтажащ хъыбарыжьхэр, таурыхъэр, ахэр зи лъабжьэ теплъэгъуэхэри ягъэлъэгъуащ, екIуу ягъэзэщlащ Зырамыку и уэрэджыжьэри. Апхуэдэу Iуэрыlуатэр джыным зи гъащlэ псор тезыуха Къардэнгъущlым хужаIа псалъэ гуапэхэри абы хуагъэпса усэхэри щыIуащ пшыхьым.

Зэlущlэм наIуэ къищlащ Къардэнгъущl Зырамыку и гъащlэр къызэрекlуэкlам еджакlуэхэр фIыуэ зэрыщагъуазэр. Щэч хэмылъу, ар зи фIыгъэр щlэблэм я анэдэлъхубзэр ягъэзыгъуэ, къызыхэкlа лъэпкъым и блэкlар ящlэу къэгъэхъунымкlэ я къару емыблэжу сабийхэм ядэлажьэ егъэджакlуэхэр. Абыхэми цIыкlухэм я къэуухьм зегъэужьынымкlэ гупым къыхалъхьэ сыт хуэдэ Iуэхур ядэзыIыгъ, еджапIэм и унафэщl Сокъур Лариси адэ-анэхэм къабгъэдэкlыу фIыщlэ яхудощl икlи я лэжьыгъэм и хьер яIалгъуу я Iэнатlэм пэрытыну ди гуапэщ.

КlУЭКlУЭ Хьэйшэт.

Мы махуэхэм

Мазаем и 17, щэбэт

♦Гумащlагъэр къэгъэлъэгъуэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей студент гупхэм я махуэщ, УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм ипкъ иткlэ ар 2016 гъэм къыщыщlэдзауэ щагъэлъапlэ ди къэралым.

♦1600 гъэм Рим къалэм щагъэсащ Италием щыщ дин лэжьакlуэ, философ, усакlуэ Брунэ Джордан (и цIэ дыдэр Филиппщ).

♦1852 гъэм Эрмитажым, пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм зэхуихьэса сурэтхэр щащlу Iуэхущlапlэу 1764 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытам, и бжэхэр абы зыщызыпlпlыхьыну хуейкэм къахуэзэIуихащ.

♦1863 гъэм Дунейпсо Жор Плъжьыр къызэрагъэпэщащ.

♦1880 гъэм урыс пащтыхь Александр ЕтIуанэр яукlыну етхуанэу теуащ, ауэ лагъымыр нэхъ пасэу къауэри, пащтыхьми абы и унагъэми зэран яхуэхъуакъым.

♦1935 гъэм СССР и цIыхубэ комиссархэм я Советымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ «Москва Союзпсо мэкъумэш выставкэ къыщыщlэзгъэпэщыным теухуауэ» унафэр къащтащ.

♦1947 гъэм «Америкэм и макъ» радиостанцым урысыбзэкlи нэтынкlэ къиту щIидзащ.

♦1993 гъэм Урысейм «Газпром» акционер зэгухьэныгъэр къыщыщlэрагъэпэщащ.

♦2008 гъэм Косовэ Республикэм и парламентым учредэ къыщтащ Сербием къызэрыгуэкlым теухуауэ.

♦Урыс тхакlуэ, сабийхэм яхуэтхэ усакlуэ цIэрыIуэ, Сталиным, Лениным я щlыхькlэ ягъэувауэ щыта саугъэтхэр зрата **Барто Агние** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КЪБР-м щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ, ЩIДАА-м и академик **Къумахуэ Башир** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦ТIасхъэщlэх, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Варганян Геворк** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу. Ар зи пашэ гупырщ Сталиным, Черчилль, Рузвельт сымэ Тегеран 1943 гъэм щагъэкlуэкlа зэIущlэр къызэпаудыну хущlэкъуа нэмыщlэ тIасхъэщlэх гуп хэхахэм япэщlэтар, къэрал лIыщхьэхэм я шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщар.

♦Уэрэджыкlакlуэ, усакlуэ, композитор, УФ-м щlыхь зиIэ и артист **Малежик Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Журналист, КъБР-м и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Хьэгъундокъуэ Сэлисэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфаэу, кьеушхькъеу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 18, тхьэмахуэ

♦Урысей Федерацэм и Транспорт полицэм и махуэщ

♦УФ-м Iэщэкlэ ЗэщIэуэзэда и Къарухэм дзэхэр зыхуей хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмкlэ къызэзыгъэпэщ и Iэнатlэм и махуэщ

♦1911 гъэм пощтыр зэбгрыкьыным кхъухьлъатэ апэ дыдэу къащlагъэсэбэпащ. Ар къащыхьар Индиерщ: Аллахабад икIыу Наини кIуэ къхъухьлатэм письмо минИ 6,5-рэ нэгъэущl корреспонденцэу 250-рэ илъащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми «Кхъухьлъатэкlэ зэбграхьа апэ пощт» жиIэу мыхъур тегъэуат.

♦1924 гъэм Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкlу къыщызэIуахащ.

♦1930 гъэм США-м щыщ астроном Томбэ Клайд Уильям Плутон планетэр зэрыщыIэр къихутащ.

♦1943 гъэм Адыгэ Республикэр зэмыщlэфашист зэрыпхъуакlуэхэм къыIэщlагъэкlыжащ.

♦1945 гъэм Австриием нэмыщlэхэм щаIа Матхаузен гъэрэщlым фашистхэм щаукlащ генерал-лейтенант, дзэ щlэныгъэхэм я доктор, Совет Союзым и ЛIыхъужь Карбышев Дмитрий.

♦1960 гъэм США-м щыщ Скво-Вэли щыпIэм къыщызэIуахащ VIII Щlымахуэ Олимп джэгуэр. Ахэр мазаем и 28 пщIондэ екIуэкlащ. Абы щыгъуэщ биатлоныр олимп зэхъэзэхуэхэм хагъэхьэжауэ щыщытар (1948 гъэм и ужькlэ хагъэкlауэ щытащ).

♦1979 гъэм Сахарэ къумым уэс къыщесащ.

♦Италием щыщ физик, химик цIэрыIуэ, электроуэздыгъэм теухуа щlэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа **Вольтэ Алессандрэ** къызэралъхурэ илъэс 273-рэ ирикъуащ.

♦Италием щыщ конструктор, автомобиль къыщlэзыгъэкl компание къызэзыгъэпэща **Феррари Энцо** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущlэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Тимошенкэ Семён** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал, парт къулыкъущlэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщlу щыта **Подгорный Николай** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Тхакlуэ, КЪР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Критик, литературовед, УФ-мрэ Адыгеймрэ щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиIэ я лэжьакlуэ, ЩIДАА-м и академик **Шащlэ Къазбэч** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, гъэсакlуэ, Олимп джэгуэхэм (2002) дыжьын медаль къыщызыхьа, УФ-м спортымкlэ щlыхь зиIэ и мастер **Лобачёвэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисист, Олимп чемпион (2000), УФ-м спортымкlэ щlыхь зиIэ и мастер **Кафельников Евгений** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

♦Урысей баскетболист, Пекин щекlуэкlа Олимп Джэгуэхэр къыщызэIуахым УФ-м и къэрал ныпыр утыкум къизыхьа **Кириленкэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфаэу щыщытынущ, уэзыхь тIэкlу къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градус 1 -2 щыхъунущ.

Мазаем и 19, блыщхьэ

♦Джекйэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Тыркумэным и Къэрал ныпым и махуэщ

♦Къыргызым и финанс полицэм и лэжьакlуэм и махуэщ

♦Армением щагъэлъапIэ тхылъхэр тыгъэ щыным и махуэр

♦Исландием и цIыхубзхэм я махуэр хуагъэлъапIэ

♦США-м и президентхэм я махуэщ

♦1837 гъэм Лермонтов Михаил «УсакIуэм и лIэныгъэ» усэр, Пушкин Александр зэраукlаи теухуар, итхащ.

♦1855 гъэм синоптикэм я апэ картэр дунейм къытехьащ. Ар ищlат Париж дэт обсерваторием и унафэщl, Нептун планетэр зэрыщlыр къэзыхута астроном Леверье Урбен.

♦1878 гъэм макъ зытх Iэмэпсымэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патент иратащ США-м щыщ физик Эдисон Томас.

♦1921 гъэм Профсоюз зэгухьэныгъэхэм я союзпсо совет нэхъыщхьэм къыдигъэкlа «Труд» газетым и апэ номерыр дунейм къытехьащ.

♦1926 гъэм СССР-мрэ Сауд Хьэрэп пащтыхыгъуэмрэ дипломатие хабзэхэмкlэ зэпыщlа хъуащ.

♦1954 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкlэ Кърым областыр РСФСР-м хагъэкlри, Украинэм иратащ.

♦1986 гъэм СССР-м «Мир» станцыр хьэрщым иутIыпщащ. Абы зэрыщыIа илъэсипщым щIигъум къриубыдэу станцым зызэблахъуурэ щыпэжащ къэрал 12-м щыщ космонавти 104-рэ.

♦ТхыдэджкlэдемикIэ **Успенский Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджыкlакlуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, УФ-м гуащlэдзкlэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Антонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, УФ-м и цIыхубэ артист, РСФСР-м гуащlэджкlэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ, Москва къэрал филармонием и унафэщl **Чайковский Александр** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыкlакlуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Митяев Олег** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей дзюдоист, Олимп чемпион (2012), Урысейм спортымкlэ щlыхь зиIэ и мастер **Галстян Арсен** и ныбжьыр илъэс 29-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфаэу щыщытынущ, уэзыхь тIэкlу къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узыншагъэрэ сымаджагъэрэ зэпыщlащ.

● Къэрэшей-Шэрджэсым кратхыкI

Лъэхъэнэ иным и гъуджэ

Къэзэгъэпэщакlуэ гъуэзджэ, жылагъуэ лэжьакlуэшхуэ Арэшыкъуэ Къанщауэ Мырзэбэч и къуэм и ныбжьыр илъэс 90 ирокlу. Абы и гъащlэр Къэрэшей-Шэрджэсым, адыгэ лъэпкъым къакlуа лъэхъэнэ иным и гъуджэщ. Илъэс 15 фlэкlа мыхъуауэ лэжьэн щlидзэри, комсомол, парт Iэнатlэхэм пэрытащ. «Хьэбзэ» совхозышхуэм, Жьэкуэ, Алибэрдыкъуэ, Хьэбзэ, Инжыджи-Цlыкlу, Елбыргъэн къуажэхэр зыхиубыдэм, илъэс 37-кlэ и унафэщlу щытащ. Пэжщ, иужькlэ «Елбыргъэн» совхозыщlэм Инжыдж-Цlыкlурэ Елбыргъэнрэ хагъэхьауэ щытащ.

КУЭД и нэгу щlэкlащ а цlыхум: зауэри, абы и ужь ита илъэс гугъухэри, СССР-р лъэ быдзкlэ зэрыгъэвари, ар 90 гъэхэм зэрыщэщжари.

Къанщауэ адыгэ хабзэр щытепщэ унагъуэм ныкъуалъхуащ. И адэ Мырзэбэчрэ (1882 - 1968 гъ.) и анэ Нащхъуэрэ (1883 - 1990 гъ.) я бынхэр (ахэр 6 хьурт - зэкъуэшищрэ зэшыпхъуищрэ) адыгэ хабзэм щlапlыкlащ. Щэрджэсым и джкlэ мыхьэнэшхуэ иlащ адыгэ нэмысым, адыгэ гупсысэкlэмрэ зыныгъэкlэмрэ. Къанщауэ ар пасуэ къыгурыIуащ.

Совхоз Iэтащъэу щыщыта пlалъэ кlыхьым, Арэшыкъуэм гулъытэ ин хуищlащ езым и унафэм щlэта щыналъэм сыт и лъэныкъуэкlи зегъэужьным, цlыхухэм я псэукlэр егъэфlэкlуэным пыща Iэхъугъуэхэм. Абы и нэIэ тету къуажэхэм псы, газ яшащ, школхэмрэ сабий садхэмрэ щаухуащ, фельдшер пунктхэр къыщыхьэуахащ. А псоми я гуащlэ хэлъщ нобэ си гугъу фхуэтщlа цlыхум.

Ныбжьыщlэхэр лэжьыгъэм щlэпlыкlыным, Ставрополь краймрэ щыяпэ еджакlуэ бригадзэхэр къыхэгъэпэщыным зэрыхэлIыфIыхьам къыхэкlыу, Къанщауэ къыфlащащ «УФ-м цlыхубэ егъэджэныгъэмкlэ и отличник», «УФ-м Мэкъумэш хозяйствэм щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» щlэ лъапlэхэр. Арэшыкъуэм къэрал дамыгъэхэри и куэдыкlейщ - ахэр тlощlым нос. Апхуэдэщ Октябрь Революцэм и орденыр, Лэжьыгъэ Бэракъ Плъажь орденыр, «Щlыхьым и Дамыгъэ» орденитlыр, медалхэр. Мыбыхэм я гугъу щитащlкlэ, Къанщауэ Щэрджэсым и джкlэ мыхьэнэшхуэ иlащ адыгэ нэмысым, адыгэ гупсысэкlэмрэ зыныгъэкlэмрэ. Къанщауэ ар пасуэ къыгурыIуащ.

Сэ а зэманым къэрэшей-Шэрджэсым щlидзат Арэшыкъуэм. 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м илъэс 17 си ныбжь щlалэщlэм къыхуагъэфэщащ «1941 - 1945 гъэхэм екlуэкlа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм фIы быдэу зэрылэжьам папщlэ» медаль. Ар апхуэдэ къэмахъуа жыхуаIэм хуэдэ Iэхъу тельыджат! А псори Къанщауэ тlыншу къежьулIакъым: къызэфlэмыщlэу лэжьэн, зыпэрыхьа Iэхъур ерыщу ирихьэкlын хуей хъуащ.

Жьыщхьэ махуэ хуа ди ныбжьэгъум унагъуэшхуэ къытепщыкlащ (бынитху, къуэрылъху-пхъурылъхуу 13, абыхэм къалъхужаху 8). ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а псоми я купщlэр езыращ. Бынхэр балигъ хъуащ, дэтхэнэми я унагъуэкэр яIэжщ, арщхьэкlэ къызэдэхъуахэр иджыри къэс быдэу зэрыIыгъщ. Езы Къанщауэ насыпифlэу зыкъелъытэж. Сэ сыт щыгъуи щlэныгъэ лэжьыгъэм сыдихьэхырт, диссертацэр згъэхьэзырат, арщхьэкlэ ар пхэзгъэкlыну зэман згъэтыртэкъым. Ауэрэ екlуэкlыуэра, аспирантурэм срагъэблэгъати, Мэкъуу къалэшхуэм еджакlуэ сыкlуэн хуей хъуащ. Къанщауэ сечэнджащ. Абы занщlэу къызжиIащ: «Кlуэ, уи щlэныгъэр гъэбагъуэ, ди цlыхухэм ухахуэщхьэпэжыфын хуэдизу. Уи унагъуэм сэ сыдзIэпыкъунщI».

Аспирантурэм сыщыщlэджами, иужькlэ медицинэ академием сыщыщlэжьами, Къанщауэ куэдрэ сыхуэзащ. Ар Мэкъуу Iэхъукlэ къакlуэрт, апхуэдэхэм деж езыр зыщlэс хьэщlэщым е а къалэм щызиIэ псоупIэм дыщызэхуэзэрт, шыгъупIасти щызэдэтщхырт. Гъэщlагъэныкъуэ, гъащlэм зыгъэркъуэ къыщызэхъулIа пэтми, иджыри къэс а цlыху Iущым чэнджэщкlэ зыхузоГъаззэ.

Къанщауэ ныбжьэгъуфI куэд иlащ. Язныыкъуэкэр цlэрыIуэ дыдзщ. Псалъэм папщlэ, Социалист Лэжьыгъэм и Плъхьжь, жылагъуэ лэжьакlуэ, тхакlуэ Аргун Iэбубэчыр, юрист гъуэзэджэ, хэкупсэ нэс Къалмыкъ Юрий, тхакlуэ Болдыревым, политик Абдулатипов Рэмэзан, президентхэу КIуэкlуэ Валерийрэ Джарым Аслъэнрэ, Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгэ Республикэм щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ, профессор Агырбэ Юрий, тхакlуэ щэджащэ Мэшбащlэ Исхьэкъ сымэ, нэгъуэщI куэди.

Мис апхуэдэщ зи илъэс 90-р нобэ дгъэлъапIэ щlыхь, Арэшыкъуэ Къанщауэ Мырзэбэч и куэр. Тхьэм куэдрэ ди япэ уригъэт!

ДАУР Борис,
медицинэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор.

Къанщауэ Гъур и хьэрыпыбзэ диуан

Тыркум щыIэ Сельджук университетым и Iэдэб (литературэ) факультетым щалэжьа тхыгъэ къыдIэрыхьащ. Ар ягъэхьэзыращ доцент, доктор Явуз Орханрэ доцент, доктор Кафэс Мэхьмудрэщ. Лэжьыгъэр икъукlэ гъэщlэгъуэнщ.

АР ЗЫТЕУХУАР Египет (Мысыр) адыгэ мамлюк пащтыхь Къанщауэ Гъур *(хьэрыпхэмрэ тыркухэмрэ зэратхымкlэ* - Къансух Гъуур) и усыгъэхэращ. Усыгъэ, жыIэгъуэхэр нэхъыбзу хьэрыпыбзэщ, тыркубзэ къыщыхэхуи щыIэщ. Къызэрыщlэжкlри, езым бзитIри ищlэу арат, усэ ирыжиIэфын хуэдэу. Езым имыанэдэлъхубзэкlэ апхуэдизыр зыгъэхьэзыкlа щlыгъуэ зыгъэгъуэ. Ауэ ди имяхъуэ фIэщщыIыгъуейщ, ауэ дэнэ щыIэ? Къэлъыхъэн хуейщ.

Усыгъэхэр зэрыта япэ тхыгъыр (оригиналыр) - езы пащтыхьым и Iэрытхми имыIэрытхми - ар щыIэжьхэхъкъым. Щыгъэжыр абы тратхыкlыжахэращ. Псалъэм папщlэ, фIыгъу мис мы сурэтыр. Икъукlэ лэжьауэ, жыжьхуэуэ, мы лэжьыгъэр зыщlахэм я оригиналхэм тратхыкlыжкам тратхыкlыжауэ къагъуэтыжауэ аращ. Ахэр иджыри зэманым къэса-къэмысари наIуэкъым. Зи сурэт фIьагъу тетхыкlыгъэр «Истанбул Миллет Кутубханэси» тхылъ хъумапIэм «Али Iэмири Эфенди Болуму» жыхуиIэ плIанэпэм щlэлъщ. Тетхыкlыгъэ гуэрым къыщытратхыкlыжа илъэсу мыбы тетыр 1325 гъэщ, 10 рэбиул Iэууэлщи, ар 1907 илъэсым хуоэз. Тетхыкlыгъэм и иужьрей тхьэмпэм зэрытетымкlэ, къытезытхыкlар Хашимул Мэккищ. Тетхыкlыгъэр «тагьлилкъ» жыхуаIэ тхыкlэмкlэ, дахэу, Iэзэу тхаиэ; япэ напэр гъэщlэрыщlауэ, напэ къэсхуу сатыр 11 иту щытщ.

Мы тетхыкlыгъэр зеяуэ, зи цlэкlэ плIанэпэ къызэIуахаиэ, Истамбул тхылъ хъумапIэм зи щlэиныр щахъыумэж Али Iэмири, тетхыкlыгъэм и япэ напэхэм и деж мис мыхэр тритхаиэ тетщ: «Хьэлэб (Алеппэ) кьалэм зи цlэ япэу къыщаIуэхэм щыщу Iэмири Эдэ БахаIэддин Ефэндиу и деж фIэкlа щlыгъуэ щызмыгъэту, абыхэм къытестхыкlащ». БахаIэддин Ефэндиу зэрыжиIэмкlэ, езыр, и анэ и лъэныкъуэкlэ пащтыхь Къанщауэ Гъур и благъэу, и анэр абыхэм япхуу аращ. А езым кьылъэIэсэ тхылъри, унагъуэм кьадэгъуэгурыкlыуэу аращ. «Ауэ, зэрыжагъуэщи, тхылъыр жыы дыдэт, тхыгъэ екlу, дахэкlэ тхами, ипэми, икуми, иужьми тхьэмпэ щыщlэхэт. Кьэна тIэкlур зэрыщыту теттхыкlыжауэ аращ», - жеIэри щlегъуж Али Iэмири

Эдирнэ кьалэм щыщ тхыдэтх, тхакlуэ Шейхъ Мухьий и тхылъу «Мэнакъыби Гулшэний» зыфIищауэ, хьиджрэмкlэ 1012 (мыдрейм кlэ 1603 - 1604) гъэм нигъэса и тхылъым щетх мыпхуэдэу: «Диуану Сулътlан Гъуур» тхылъыр си бзэгу къыпыкlа Сулътlан Гъуур и цlэ дыдэр «Кьанщауш» (хьэрыпхэм, тыркуэм апхуэдэу ятхри апхуэдэу жаIэж); цlэ лейуэ зэрихьэр «Гъуурийщ». И уэсэ тхылъыр Истамбыл щыслъэгъуащ. Бзишкlэ тхаиэ, хьарзынэу зэгъэпэщауэ апхуэдэт». Шейхъ Мухьиддин и нэкlэ илъэгъуауэ зи гугъу ищI тхылъыр, зэрыжагъуэщи, зэи зыщlыпIэ къыщыкъуэщакъым; е тхылъ хъумапIэ нэрыбгеИуэ е тхылъ хъумапIэ дыдэу. Си гугъу ищI «бзишым» тIур хьэрыпыбзэрэ тыркубзэу зэрыщытыр нэрылъагъуащ. Ещанэрэ персыбзэу щытыну хуэбгъэфащэ хъунущ. Ещанэ бзэр адыгэбзэнкlэ хъуну жызыIэфыни зэрыжиIэфыни щlэIэкъым, мыхъуххэми, зигу къэзыгъэкlыфын зэрыщыIэм дыщыгуфIыкlынщ, щlэхъуэпсу зигу къэзыгъэкI зэрыщыIэ къудейм.

Пащтыхь Къанщауэ Гъур и усыгъэ-жьIэгъуэхэр зытепсэльыхьхэм я лъэныкъуэкlэ бугуэшмэ: Алыхь закъуэм, абы и лыкlуэ лъапIэм я фIыльагъу, я щlытхъу, абыхэм яхуэпабгъэн, ахэр гъэарэзын, апэгъунэгъун хуэдэ купщlэкъэр нэхъебэкlыу; абы кьынэмащlауи, Алыхьэ Iущыгъэ. Тхьэ лIыкlуэ Iущыгъэ, а Iущыгъэхэм хэлъ дахагъэр, кууагъыр зыхэщlэн, абы уитхьэкъун, абыкlэ ирикъун... А фIыльагъур, а гуапагъэр гъащlэми лъэгъэIэсэн, гъащlэмэ хэпщэн; а фIыльагъум кьагъэльэгъуапIэ хуэпщI гуэрхэмкlэ - фIыуэ пльагъу цlыху, е псэущхьэ, е ерыскъы хуэдэхэмкlэ - а гуапагъэр нэхъ льагэм нэс дэшеяуэ къыпIурыблэн, пIурылъын... Мис ахэрауэ жьIпIэ хъунущ Пщы я пщыкъым и уэсэ дунейм и тепльэр.

Мис мыхэри а жьIпIахэм и щапхъэу.

ТУЭЩlОКЪУЭ Абдул-Бакъэ.

Сельджук университет, Литературэ факультетым и журнал. 2012 гъэ, 28-нэ къыдэкlыгъуэ, 63-158-нэ напэкlуэцlкlэр.

Къанщауэ Гъур и хьэрыпыбзэ диуан (усэ тхылъ)

Доцент, доктор Явуз Орхан
Доцент, доктор Кафэс Мэхьмуд

ГъэкIэщIауэ: Мы лэжьыгъэм ипкъ иту Iэхъу зэщытщIащ мамлюк пащтыхь Къанщауэ Гъур и хьэрыпыбзэ диуану «Истанбул Миллет Кутубханэси» (тхылъ хъумапIэм) щIэлъу «Араби ном. 4639» бжыгъэмкlэ гъэтIылъа тхылъым.

Псалъэ гъуазэ папщlэхэр: Къанщауэ Гъур, хьэрыпыбзэ диуан, литературэ Iэщlагъэхэр, мулэммэгъ (зэхэлыдэуэ зэхэлъ), мурэшшэхь.

Тырку пащтыхь Iэджэм хуэдабзэу (тырку тхьдэтхэхэм ар тыркуу жьыIэ яхэтхэщ: ар зэрымытыркур ящIэу, ауэ тыркуу ябжу) мамлюк пащтыхь Къанщауэ Гъур (1440 - 1516) усыгъэ зиIа пащтыхьхэм ящыщщ. Къызэринэкlа тхылъхэм уеплIмэ гурыIуэгъуэ зэрыхъущи, абы тыркубзэри, хьэрыпыбзэри, персыбзэри ищIэу щытащ; а бзишымкIи усыгъэ жиIэу щытащ.

«Мэнакъыби Ибрахьим Гулшэний» тхылъыр зытха Мухьий зэрыжиIэмкlэ: «Сулътlан Гъуури и цlэр Кьансуц, и цlэ лейр «Гъуурийщ». Бзишкlэ тха и «Диуаныр» Истамбыл щыслъэгъуауэ. Икъукlэ зэгъэпэщащ». Мыбы кьыхощ абы бзишри зэрищlэр, абыхэмкlэ «Диуан» (усэ тхылъ) итхауэ зэрыщытыр. Зи усэхэр нэхъыбзу дин Iэхъугъуэхэм теухуауэрэ щыта Кьанщауэм нэгъуэщI тхылъэри иIэщ. Аэрри мис мыхэращ;

1. *Хьэрыпыбзэкlэ диуан:* «Диуаны Гъуури» жаIэри зыкlащ мы тхылъыр Истамбыл дэт «Миллет Кутубханэси; Али Эмири Эфэнди Болуму Араби, ном. 4639-м» щIэлъщ.

2. *Iэл-кьэщаIидур-рэббаниийхэх Уэл мууэшшэхьатус-сулътlаниийетул Гъэурийех.* Мы тхылъыр «Топкапы Сарайы Музэси Кутубханэси» тхылъ хъумапIэм «Багьдад Кошку Болуму, ном. 138-м» щIэлъщ.

3. *Тыркубзэкlэ диуан:* «Берлин Стаатс библиотек преуссисжер культурбеситз Mc. Or. Ost., ном. 3744-м» щIэлъ усэ зэуIугъуэ гуэрым яхэтщи, абы Гъуури и гъусэу итщ. А тхыгъэхэм телажьыжьащ Ялчын Мехьмэтрэ Явуз Орханрэ. Сулътlаным кьигъащхьэпэ бзэр пасэрей «огъуэ» псэлъэкlэращ.

4. *Мунэкъкъэхьужь-жьэриф гьэла Муузшшэхьиш-Шэриф:* Мы тхылъым хьэрыпыбзэкlэ усыгъэ кlыхьитI иту аращ. Тхылъым телэжьыхьащ Чифтчи Джэмил «Мактул Шаирлэр (Истамбул, 1997)» тхылъымкlэ.

5. *Iэл-кэукэбуд-Дуррий фи Iэджийбэтил Гъурри:* Мы тхылъыр пащтыхьым Къурэным и тафсиру, зэщlэхыныгъэу итха тхылъщ. (Чифтчи Джэмил, а тхылъ дыдэм - 155).

6. *Персыбзэкlэ диуан.* Зэрыщlэм щыгъуазэу, ауэ зэкlэ ямыгъуэтауэ апхуэдэ тхылъщ.

Гъурий ныжеIэ - зи текIуэ лъагэным

Гущlэгъу сымылъэгъуа зэи уэ
ббгъэдкlэкIыу, сын гущlэ,
Гур гугъу щехьым деж къыфIыжьэдокI
щlегъуэжьныгъэ гуэри.

ЗыкъысхуигъафIэу и плъэкlэм
зыкъыздэзрызигъащlэрэ,
«Тхьэм тынш сщищlыр» къызэбж гущlэ,
уа цlыху Iущхэ!

Си дежкlэ укъемыплъэкlымэ,
уэр си унафэр зиIэ илъ,
Гур зэвыным, мис ар къудейм сыщlохъуькI
сэ кIуэдыпэн.

Нэджд ущыщу, ури-Лейлауэ щытмэ
хьэрыпу хъуам,
Уи фIыльагъум акъыл бгынэ сищlаи
сымыкъэрыпу.

УлэIэщlэныр апхуэдизкlэ къызоуэри,
Сагъэхъужьи яльэмыкI сэ Iэзэхэм.

ИкIуэдыкIыжмэ Гъурий фIыльагъу
гуауэм,
И жэнэтым и фIыгъуэмкIэ тырригъужкIэ
Алыхьым.

ФIыщIэ жыг

Адыгэхэм ягъэлъапIэу щытакъым къыщалъхуа я махуэр. Ауэ ди лъэхъэнэм ар гущlэм къыхьыхьащ. Зыкъомкlи фIыщ, гуапагъи зыхэлъщ, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрыта цlыхур бгъэлъапIэныр.

КЪИМЫДЭКIЭ, адыгэхэми блэкIа зэман жьыжьэм хабзэфI диIащ - лъэпкъым Iуэхуфlкlэ хэущхьэпа цlыхум фIыщlэ жыг хуэхтэсу. Шэчнышэу, апхуэдэ зыхуэфащэхэм Арэшыкъуэ Къанщауэ Мырзэбэч и къуэри ящlыщщ.

Сэ захэзбжьеркъым Къанщауэ куэдрэ хуэзэахэм, дэлажьэхэм, и ныбжьэгъухэм, и Iыхьлыхэм, ауэ, итIани, гу зылъыста гуэрхэм я гугъу сщlыну сфIэиугъэщ. ТхакIуэхэм, литературэр къэзыхэтэщlэныгъэлIхэм псынщIэу кьаплэф цlыхум и хьэл-щэнхэр. Сэри си Iэщlагъэм апхуэдэ зэфIэкI гуэрхэр къызитащи, Къанщауэ и щыфэлIыфэ, и зекIуэкlэ, и псэлъэкlэ кьыззэрымыгуэкlым пасэу гу лъыстащ. Псом япэ жьIэпхъэщ Арэшыкъуэм удэзыхьэх псэлъэкlэ зэрIэр, гушlэ зэрыхэлъыр. «Гушlэкlэ зымыщlэр Iэштымкlэ мауэ», - жаIэ. Къанщауэ и псэлъэкlэ удзэыхьэхьам и лъабжьэр акъыл жан зэрIэрщ, псэукlэм, зэманым куууэ зэрыхищlыкlырщ.

Арэшыкъуэр илъэс куэдкlэ унафэщlу лэжьащ, а къулыкlу мытыншми дерс къыхихащ, цlыху куэдми фIыуэ закъыригъэльэгъащ. Пэжщ, къэзыуащ и мамыр зыщыригъэIэтаи, зыгуэрхэр жагъуэгъу къыщыхуэзыуаи. Урыс гупсысакIуэ, литературэ критик Добролюбов Николай жиIауэ щытащ: «Пащтыхьыр щlалэфIу щытыну хуиткъым». Унафэщlыр псом я дежкlи щlалэфIу щыткlэ, Iуэхур кIуэтэнукъым. «ЛIы нэсым жагъуэгъу иIэщ» адыгэ псэлъафэми зытригъащlэр а гупсысэрщ. АтIэ-ми, Къанщауэ фIыуэ хэзылъагъур куэдкlэ нэхъыбэщ, ар зигу иримыхьхэм нэхърэ.

Колхоз, совхозхэм я унафэщlу щытахэм, псом апэрауэ, Аргун ПатIэ, Арэшыкъуэ Къанщауэ сымэ хуэдэхэм, адыгэ хабзэр щlэгъэкъуэн ин яхуэхъуащ, я къалэн мытыншыр ягъэззащlэнымкlэ. Жыпlэнурамэ, а тIуми сытым щыгъуи ныбжьэгъу, цlыхухэм я щlыгъуи ныбжьэгъу, Карачаевск къалэм Кьыдзэпэхьыкlын щlадзащ, Кьыскъуэкlуэ студентхэм яжесIэрт: «Фымыпlащlэ, фымышынэ, фыздзкlэ институтхэм я планхэр нэгъуэщlщ, еджэныкlэ гугъу фыщlехьынщ, зэман гуэркlэ псори сабыркъынущ, псори зэрыхъу дыхъунщ»... Пэжщ, кьахэкlащ си псалъэм щlэдэIуэхэри. Ауэ республикэм, гунагъу хэгъэгъуэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм кIуахэри щlалкъым. Мис, абы щыгъуэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъу хуауэ щытащ Арэшыкъуэ Къанщауэ. Ар Мейкьуапэ, Налшык кIуэри, я университетхэм я унафэщlхэми, республикхэм я Iэтащхьэхэми яхуэзауэ щытащ. ЯIэпIуащ ди хэгъэгум щащ студентхэр кьащтэну, я нэIэ трагъэтыну. Къанщауэ иIэ пщIэр студентхэм къахэущхьэпащ. Ар тщыгъупщэ хъунукъым.

Ноби Арэшыкъуэ Къанщауэ адыгэ лъэпкъым ехьэлIа къэхъуэкlащlэхэм жьыджэру кlэлъоплъ, щlэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, бзэм къыщыхъуэ Iуэхуэхэм зыкъегъуаазэ, защlегъакъуэ лъэпкъым ифI зезыхуэхэм, къытщlэхъуэ щlэблэр егъэгушхуэ. Къэзанокъуэ Жэбагъы «Зэманым деклIар лкlыфlщ» зыхужиIаэхэм ящlыщщ лъэпкъым зи сэбэп куэд езыгъэкlа ди нэхъыжьыфI Арэшыкъуэ Къанщауэ. Адыгэ хабзэщ апхуэдэхэм дадэплъеинри даригушхуэнри.

Жьыщхьэ махуэ хъуа Арэшыкъуэ Къанщауэ сохъуэхъу гукъеуэгъэщу куэдрэ дзпэ итыну, Тхьэшхуэр узыншагъэкlэ кьетэну!

БАКIУУ Хьанджэрий,
филологие щlэныгъэхэм я доктор.
ЩIДАА-м и академик.

ЩIыхь лъагэ

Адыгэм къыщlэхъуэ щlалэгъуалэзм, курыт ныбжьым итхэми щапхъэ зытрахьпхъэ нэхъыжьыфI, лъэпкъым ди жьантIэр тхуэзыгъэжьыфIэ тхьэмадэ Iумахуэщ нобэ си илъэс 90-р зыгъэлъапIэ Арэшыкъуэ Къанщауэ.

Гущlафlэу, лъэужьыфlэу а гъуэгуанэ дахэр къыззэыпэкlа лэжьакlуэхуэм зэфIэкI ин хилъхьащ ди къуэш республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, и мэкъумэш Iэнатlэр къэIэтыным, зегъэужьыным, жылагъуэ Iэхъухэр зыхуей хуэзэу дзгъэкlыным.

Дэ щыщlыгуаззщ зэрылэжьа илъэс 70-м и кIуэцlкlэ Къанщауэ и жэрдэмкlэ Iэхъуфl куэд зэфIэгъэкlа зэрыхъуам, комсомол, парт, жылагъуэ, мэкъумэш Iэнатlэхэм ехъулIэныгъэ къызыпэкIуа лэжьыгъэхэр зэрыщыдигъэкlам. Апхуэдэ псэемыблэж Iэхъуэхэращ абы иIэ пщlэ лъагэр къызыпэкIуари, къэралым, республикэм къаблагъэдэкI орденхэр, медалхэр, цlэ лъапIэхэр къыхуэзыхьари. Нобэ, и махуэшхуэр щыгъэлъапIэм ирихьэлIэу, ди шынэхъыжьыфI Къанщауэ дохъуэхъу и гуащlэдэкlым къыпэкIуа хьэрым иригушхуэу, нэхъыщlэхэм ди гъэгугъэльагъуэрэ и гъащlэр гъуазэ тхуэхъуу иджыри куэдрэ ди япэ итыну! Уи жьэгу пащхьэр хьэщlэ етIысэхьапIэрэ унапIэ махуэу, уи узыншагъэр быдзэрэ уи лъэр жану, уи щlыхьыр лъагэ зэпытрэ уи цlэм лъэпкъыр ирипагэу, Тхьэм илъэс бжыгъэ куэдкlэ иджыри укъытхигъэт!

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Шэрджэсейр къызэрыхъуамрэ ар XIII-XVI лIэщIыгъуэхэм КъуэкIыпIэ Европэмрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ щыщ къэралхэм зэрадекIуэкIамрэ

Тхыгъэм псалъащхьэ хуэхъуаращ Адыгейм и тхылъ тедзапIэм Хьуэткъуэ Самир къыщыдигъэкIа и тхылъыщlэм и щlэр. Ар щlэныгъэлIым илъэс блэкIам утыку кьриха, илъэс 25-кlэ зэлэжьа псори къыщызэщlиубыда, пщlэрэ щыхьрэ пылъу кьабыл ящlа и доктор лъжьыгъэрщ.

Тхылъым и щlэныгъэ редактор профессор Щоджэн Эмилие зэрыжиIэмкlэ: «Хьуэткъуэм и тхылъыр Урысейм и тхыдэ щlэныгъэпсомхуэщхьэпэну Iэдакъэщlэкlщ, Кавказым нэгъуэщlынэкlэ уезыгъэпль, дызэрыт зэманым тхыдэ лъжьыгъэхэм хуагъэзащlэ». Ар щlэныгъэлIым и тхыдэм мардэ псоми лъэIэса лъжьыгъэщ».

«Тхыльеджэкэм я пащхьэ иIэ тхылъыр адыгэ тхыдэм нэхъ мыхьэнэ щызиIэ XIII - XVI лIэщlыгъуэхэм епхащ, - жеIэ езы щlэныгъэлIым. - А зэманым адыгэ дунейр благъэгъкlэ зэпыщlа пщlыгъэщхуэзэм я унафэ щlэту щытащ».

Тхылъыр Iыхьищ мэхъу, хэзыгъэгуаззэрэ кIэухрэ иIэу. Дэтхэнэ зы Iыхьымрэ щlэныгъэлIыр щытопсэлIыхьэ зи гугъу ищI лъэхъэнэм адыгэхэм псэукIэу яIам. Псалъащхьэхэм уеджэмэ, Iупщl мэхъу Самир гу зылъыдигъэтэну зыхуей тхыдэ къудамэхэр: Кавказ Ищхьэрэм и картэхэм зэрызэхуэзар; абазэхэр адыгэ гъащlэм къызэрыхьхьар; Кавказ Ищхьэрэм щызекIуэу щыта дин лIэужьыгъуэхэр: чыристаныгъэр, лъэпкъым кьыдекIуэкlа тхьэхуэпlцыпlкlэхэр, мусылъымэн диныр къызэращтар; адыгэ шум и Iэщэ-фащэр; и къызэгъэпэщыкlэр, зытета хабзэр, хамэ къэралхэм зэрынэсар, кьынэмыщlэхэр.

Ди нэ къызыхуикI тхылъ Мейкьуапэ къызэрыщыдэкlам аргуэру дигу къегъэкlыж Адыгейм щытрадзэ газетхэр, журналхэр, тхылъхэр ди республикэм машIэу фIэкlа къызэрымысыр тхылъ щапIэхэм къафIэIуэхун хуей Iэхъуу зэрыщытыр.

Дыщогугъ тхылъымрэ тхыдэмрэ зи щlасэр Хьуэткъуэм и Iэдакъэщlэкl щlэщlыгъуэм щыгуфIыкlыну, езы щlэныгъэлIми лэжьыгъэ щхьэпэ куэдкlэ дяпэкlи дигъэгуфIэну Тхьэм жиIэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.





НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирц

Чапэрицэ и хъыбархэр

Зэгуэрым Чапэрицэ ди напэр къытрихащ. Ар и нэгу зедгъэужьыну щетшажьэкІэ, хьэуэ дыззхъззэр къыбдгъэдыкьэуэрэ, и пэнцІывым къопэм - абыкІэ фІэжьыс кьрахыу аращ. Къыбгъэдыхьа хьэр игу ирихьамэ, мамыру зэбгъэдэкІыжырт. Ауэ игу иримыхьамэ, «хьэу!» - жиІэрти жьэхэлъэрт. Мыщэ хуэдиз хъу хьэшхуэхэр, шынауэ фэ зытрагъауэрти, цым-цым жаІэу Іужьыжырт, я кІэр я бэкъуэ дзупщІауэ.

Ди хужь бэлацэр нэхъыбэрэ зыщыхьэр хьэмаскІэхэрат. Апхуэдэхэм деж Чапэрицэ къикІуэт иІэтэкъым: и бийр е ІущтыкІынти щІэпхъуэжынт, е зейм чачэу Іуиплъэфыжынт.

Арыхьхэуэ Чапэрицэм зыкъыфІощІыж: «Сэракъэ лъэщыр! Хэт сэ къыстекІуэн!» - жыхуиІэу.

Арати, зы махуэ гуэрым ди благъэм я деж хьэщІапІэ сокІуэ Іэхуэкі. Чапэрици зыкъыскІэрещІэри, си гъусэу нокІуэ.

Си Іуэхури зэфІэкІауэ, си къежьэжьгъуи хъууэ, бжэ дамэдаз эм и щхьэр къыдегъэжри, джэду къуэлэн гуэр къыщІохьэ. Хьэмрэ джэдумрэ игъащІэм зэбийкъэ - Чапэрицэр джэду къуэлэным зэрыІуплъэу жьэхолъэ: «Хьэу! Хьэу! Хьэу!» - жеІэри: «Уэ гъуамэр дэнэ укъикІа? Мы си пащхьэ нэхум сыт жьпІэу укъикхьа?» - жыхуиІэу.

Джадур щІэжьжьыным и пІэкІэ, и тхыр къыдищІ, и пащІэдзэхэр цыпхьдзэу къигъэпІийщ аби, «ухъ!» - жиІэри къыпэуващ. Апхуэдэ къэхъуну зи пщІыхьэпІэ къыхэмыхуа Чапэрицэ къащтэри, гъуэгъуу си куэщІым къыпкІэжащ, си гуфІакІэм къыдэпщхьэн и мураду.

Джэду къуэлэныр, «Нарым-нарым-нау!» - жиІэри, гъуэлъыпІэм дэлъейщ аби, щхьэнтэ гъэпща хужьыбзэм тетІысхьащ, зигъэпщу.

Дэри ди напэр текІауэ дыкъэкІуэжащ.

НАЛО Заур.

● ГъэщІэгъуэнщ

Къуршхэм яхэзэрыхьа пшахъуэбг

Дагъыстэныр къэзыухъуреихьа къуршхэм яхэтщ пшахъуэ защІэу зэтелъ бгыщхуэ. Сарыкъум зыфІаща Іуащхьэм и лъагагъ метр 270-рэ. Іуащхьэмахуэм и щыгу хужьыр дыгъэм зэрыпэлыдым хуэдэу, Сарыкъум пшахъуэбгри занщІэу уи нэм кІыщІоуэ, апхуэдэ дыдэуи пшахъуэр дыгъэм тоцІуукІ. Езы пшахъуэр псыхъуэ пшахъуэхэм хуэдэу жужьхъым, атІэ гъуэжьщ.

Бадзэуэгъуэ мазэм хуабагъэр градус 60 - 65-м щынэблагъэм и деж, метр ныкъуэ нэхъ къуымытІу пшахъуэбгым къыщыбгъэтынущ узэфэ хъун псы къабзабзэ. ИкІи абы къыхэкІыу Сарыкъум и джабзкэм къыщокІ псы зыбІэфІ къэкІыгъэхэр, жыгхэм ящыщу дзэлхэмрэ щихухэмрэ.

Бгым и ипщэ лъэныкъуэмкІэ жызымейхэм зыщдаубгъуащ. Абыхэм ящыщу нэхъ Іэфіу кьалъытэ «Изабелла» лІэужьыгъуэр. Ар адрей щІыпІэхэм нэхърэ тхьэмахуитІкІэ нэхъ пасэу Сарыкъум щохьу.

Мы щІыпІэм щыпсэухэм зэрадэутэмкІэ, жьапщэшхуэ къыщыхьуам деж бгым пшахъуэ куэду къытрехри зэбгрех. Апхуэдэу щІэх-щІэхыурэ къыззрыхъум щхьэкІэ къэмынэу, бгым и инагъым хэщІыркъым, и Іуащхьэхэм я теплъэм зихьуэж мыхъумэ. Абы и щэхури зыми къыхуэщІэркъым.

Зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ пшахъуэбгым илъэси 150-рэ ипэкІэ игъэщІагъуэу тетхьыхьащ франджы тхакІуэ Дюма Александр-адэр. Сарыкъум теухуа тхыгъэ зэрыт «Новое путешествие на Кавказ» тхылъыр 1860 гъэм Париж къыщыдэкІауэ щытащ.

Мэз джэдумрэ дзыдзэмрэ

Ди адэм колхоз кІэртІофыр ихьумэрти, жэщкІэрэ сэри абы и гъусэу пщыІэм сыщыІэт. ПщыІэр къуажэм фІыуэ пэжыжьэт, хьэхэм я банэ макъыр ерагъ къудейуэ зэхэпхыу. Къуажэм пэмыгъунэгъуми, мыбы ущыІэну тІыншт пхъэ, псы и лъэныкъэжьэ: лъэбакъуищэ зэрыпкІуу, мэзт, псыри абы бгъурыжт.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, сэ пхъэрэ псыкІэ сымыбэлэрыгъыну унафэ хьыс-хуищІри, кІэртІофэ хьэсэм кхъуэ къыхьыхьарэ къыхэмыхьарэ зэхигъэкІыну ди адэр пщыІэм текІащ. Пхъэи къэсхьщ, мафІи сщІыщ, псы шыуани фІэслъэжри сытІысыжауэщ ар къыщытехьэжар. КІэртІофэ лъэсыныкъэ гъэвэнымрэ сэ абы зэи хуит къысхуищІыртэкъыми, иджыри езыр яужь ихьащ пщэфІэным.

Мыпхуэдэ бжьыхьэ жэщ уэфІыр губгъуэм уилъу бгъэкІуэну хъуэпсэгъуэщ. Уафэ щхъуантІэм, мыщІэ цІу цІыкІухэр бжьгъэшэну драпхъея нэхъей, вагъуэхэр къыщопщІыпщІ. Жэщ мазэгъуэм къыхэщ къуршыжьхэм я щхьэ папщІэхэр, уэсым дыжьыныфэ щІэхъукІыу, Іупщі дыдэу уолъагъу. Къуршым къриху жьы кьабзэрщэ! А хьэуа кьабзэм хуиту урибауэу пщыІэм ущыжеину сыт и уасэ!

Сыт хуэдэ шхыныгъуэри Іэфіщ, губгъуэм ущитым деж. КІэртІофэ хьэлъуэ щІэгъущхьэжам кхъуей, нащІ фІэІу дэтшхыу дыздэщысым, джэду зэрыщ макъ зэхэсхащ. Ар зы сыхьэт ипэкІэ псыхьэ сыкъызідикІыжамкІэ къыщыІурт. Сэ си жьэм хуэсха кІэртІофэ хьэлыуэр сІэщІэщщурэ, сыкъэщтауэ ди адэм и деж кІэ сеплъэкІри, сеупщІащ:

- Дэнэ а джэдур къызидикІар?

- Сыт джэду?

- ДаІуэт, - си Іэпэр кІыфІымкІэ сшиящ, - джэду зэрыщх макъкъэ ар?

Ди адэри, шхэнір зэпигъэури, зэщІэдэІукІащ. Аргуэру нэхъ иныжу, зилІэжу, къэІурт джэду макъыр. Ар иджыпсту ещхьт хьэм жыгым дрихуей джэдум и кІий макъым.

- Уэлэхьи, ар зи кІиикІэр, дауи, мэз джэдум. Сытми зы къулейсызыгъэ бэлыхь къыІыысащ абы и псэм. Тхъэм ещІэ, нэгъуэщІ псэущхьэ бзаджэ гуэр пэщІэхуагъэнщ, - жиІэри шхэн щІидзэжащ.

ЗытІэкІурэ щыму дыщысауэ аргуэру а макъ дыдэр къэІуащ, итІанэ, къуацэ кьралъэфэкІ хуэдэ, зыгуэркэр зэрызелъафэу къытфІэщІащ.

- Уэлэхьи, мыбы зыгуэр щыщІыІэм... - и псальэр нимыгъэсу и фочыр къыпхъуатэри, ди адэм Іэуэльауэ здэщыІэмкІэ иунэтІащ.

Ди адэр щІэкІыу, пкъом фІэлъа фочри щызымылъагъужьым, сэ нэхъри сыкъэушынащ. Ауэ я нэхъ хьэкІэжхъэкІэ шынагъуэ дыдэри мафІэ нэхум бгъэдэмыхьэфу зэрыжаІар сщІэжьырти, абыкІэ си гур зэгъэфІу, сымыбэлэрыгъыу пхъэ теслъхьэрт дэпхэм. Куэд дэмыкІыу мэзымкІэ фоч щыуащ.

Абы и иужькІэ сэри си гур нэхъ къыззрыгъэтыжащ

- Ауэ сытми дзэгъэуэняу аращ, ярмыхъумэ мэзыр кІыфІщи, зыри хэслъагъэркъым, Іэуэльауэри уиІэжмыпащ, - жиІащ пщыІэм къыІухьэжа ди адэм, фочыр пкъом фІидзэжурэ.

Пщэдджыжьым псыхьэ сыщыкІуэм, япэщІыкІэ архъуанэм сыІухьэри къэсщытащ си къунтхэм бдзэжьей къыфІыхьарэ къыфІэмыхьарэ. ИтІанэ, ныжэбэрей джэду макъыр си тхьэкІумэм итти, ар зищІысри къэсщІэну яужь сихьащ. Зы псэущхьэ гуэр си нэм къыфІэнэну пІэрэ жысІэу, сакъыу зысплъыхьырт. Куэд дэмыкІыу псы кьиигъэхъуапІэм ипщэжкІэ щІыпІитІым и деж лъы лъэужьхэр къыщыслъэгъащ. АдкІэІуэ сыкІуэмэ - зы хьэкІэхъукІэ плъэжь-гъуабжафэрэ зы фІыцІабзэрэ лІауэ щылъхэт. Сэ зы дакъикъи зызмылэжьэу сыкъыщІэпхъуэжри ди адэр сшащ.

- Мыр дзыдзэщ. Ныжэбэ жащым уВыІэгъуэ имыІэу кІияр мы мэз джэду тхьэмыщкІэрщ, - жиІэри абы зи псэфыльэр дзыдзэм и жьэм жьэдэлъ джэду лІар къыжьэдитхъащ.

Дзыдзэри уІэгъэншэ хъуатэкъым. Абы и нэ лъэныкъуэр мэз джэдум и лъэбжьанэ жанхэмкІэ къритхьат, и ныбэгури, сэкІэ иратхъам хуэдэу, зэгуэпхъат.

- Сытми, зыгуэр зэпаубыдри зэрыІыжауэ аращ мыхэр. Сыту пІэрэ, ярэби, яхуэзэрымыгъэгъуэтар? - Іэхум и щхьэусыгъуэр къищІэным ди адэр егупсысырт, зэ къэрэкъурэхэм фІэлъ цыхэм еІусэу, зэми щІым кІэрыткІуа лъы бжьыгъэхэм еплъу.

Арыхэу, абыхэм лъэбакъуэ зыбгъупщІ нэхъ япэмыжьжьэу псы Іуфэм Іулъ бдзэжьей къуэлэныщхуэр си нэм къыфІэнэри, сэ сыкІиящ:

- Уэ, модэ, мо бдзэжьей-ри!..

- ГурыІуэгъуэщ иджы мыбыхэм яхуэмыгъэшар, си щІалэ. Зым къиубыда бдзэжьейр адрейм трихыну хэтагъэнущ...

Сэ а слъэгъуа псори сфІэхьэлэмэтт. Дзыдзэмрэ мэз джэдумрэ я фэхэр трихщ, ахэр башкІэ дахэу икъужри, ди адэм зыкъыскъуигъэзащ:

- Нэхь иджы пщыІэм. ЩІымахуэм хьэукІ пыІэ дахэ пщхьэрыгъэнщ.

Іэ лъэныкъуэ зырызымкІэ фитІыр сІыгъыу, ди адэм япэ ситу, сэ пщыІэм сыкъытехьэжащ.

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан.

● Гъэсэныгъэм ехьэлІа хъыбар кІэщІхэр

ХъумпІэцІэдж

ЛІыр губгъуэм къикІыжу зы хъумпІэцІэдж къыхуэзащ, гуэдз хьэдзэ илъэфу. ЛІыр еІэбыхри, хъумпІэцІэджыр къищтауэ йоупщІ:

- Уэр фІэкІа шэрей зимыІэм мы гуэдз хьэдзэшхуэр дэнэ плъэфрэ?

- Ди кхъанцэгум. ЩІымахуэ шхын догъэтІылъ. Дэ куэд дохъу, - жеІэ хъумпІэцІэджым.

- АтІэ мы уи щхьэр сыту гъум.

- Акъыл илъщи аращ, - жэуап кьет хъумпІэцІэджым.

- Ари хъарзыни. АтІэ мы уибгри сыту псыгъуэ? - щІоупщІэ лІыр.

- Лей сшхыркъыми аращ, - жеІэ хъумпІэцІэджым.

- Дапщэ апхуэдэу пшхыр?

- Ипэсым зы гуэдз хьэдзэ схурокъу.

- Деплъынти атІэ, - жиІэри лІым хъумпІэцІэджыр и хьэзырылъэм иридзащ, зы гуэдз хьэдзэ кІэлъидзыжри, хьэзырыщхьэр игъэбыдэжащ.

Апхуэдэу илъэс дэкІащ, илъэс етІуанэри иухащ, лІым хьэзырым иридзэ хъумпІэцІэджыр игу къэмыкІыжурэ, Ещанэ илъэсым зэ и щхьэ къыдридзеижри, лІым хьэзырыщхьэр Іуихащ. ХъумпІэцІэджыр хьэзырым къригъэхури абы кІыкІэлъихуащ гуэдз хьэдзэ ныкъуэ, Іыхьитлу гуэшауэ.

- Мыр слІо? Гуэдз хьэдзэм илъэскІэ урикъуу жыпІати. Илъэс ещанэр екІуэкІрэ пэт иджыри гуэдз хьэдзэ ныкъуэ уиІэжи? - щІэупщІащ лІыр.

ХъумпІэцІэджым жэуап кьет:

- Сэ сигу къэкІащ: мы хьэзырым сыкъизыдза ахьмакъым къыщыгъупщэу сэ мыбы куэдрэ сисын хуей хъуну къыщІэкІынщ. Си гуэдз хьэдзэр зэзмыгъэзахуэмэ, шхын щхьэкІэ сылІэнщ. Иджы мис болъагъу.

Пэж къыжраІам щхьэкІэ пимыдзыжІауэ лІыр и щхьэ щІэтІахъуэри ежьэжащ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Къуршхэм яхэзэрыхьа пшахъуэбг

Ди адэм колхоз кІэртІофыр ихьумэрти, жэщкІэрэ сэри абы и гъусэу пщыІэм сыщыІэт. ПщыІэр къуажэм фІыуэ пэжыжьэт, хьэхэм я банэ макъыр ерагъ къудейуэ зэхэпхыу. Къуажэм пэмыгъунэгъуми, мыбы ущыІэну тІыншт пхъэ, псы и лъэныкъэжьэ: лъэбакъуищэ зэрыпкІуу, мэзт, псыри абы бгъурыжт.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, сэ пхъэрэ псыкІэ сымыбэлэрыгъыну унафэ хьыс-хуищІри, кІэртІофэ хьэсэм кхъуэ къыхьыхьарэ къыхэмыхьарэ зэхигъэкІыну ди адэр пщыІэм текІащ. Пхъэи къэсхьщ, мафІи сщІыщ, псы шыуани фІэслъэжри сытІысыжауэщ ар къыщытехьэжар. КІэртІофэ лъэсыныкъэ гъэвэнымрэ сэ абы зэи хуит къысхуищІыртэкъыми, иджыри езыр яужь ихьащ пщэфІэным.

Мыпхуэдэ бжьыхьэ жэщ уэфІыр губгъуэм уилъу бгъэкІуэну хъуэпсэгъуэщ. Уафэ щхъуантІэм, мыщІэ цІу цІыкІухэр бжьгъэшэну драпхъея нэхъей, вагъуэхэр къыщопщІыпщІ. Жэщ мазэгъуэм къыхэщ къуршыжьхэм я щхьэ папщІэхэр, уэсым дыжьыныфэ щІэхъукІыу, Іупщі дыдэу уолъагъу. Къуршым къриху жьы кьабзэрщэ! А хьэуа кьабзэм хуиту урибауэу пщыІэм ущыжеину сыт и уасэ!

Сыт хуэдэ шхыныгъуэри Іэфіщ, губгъуэм ущитым деж. КІэртІофэ хьэлъуэ щІэгъущхьэжам кхъуей, нащІ фІэІу дэтшхыу дыздэщысым, джэду зэрыщ макъ зэхэсхащ. Ар зы сыхьэт ипэкІэ псыхьэ сыкъызідикІыжамкІэ къыщыІурт. Сэ си жьэм хуэсха кІэртІофэ хьэлыуэр сІэщІэщщурэ, сыкъэщтауэ ди адэм и деж кІэ сеплъэкІри, сеупщІащ:

- Дэнэ а джэдур къызидикІар?

- Сыт джэду?

- ДаІуэт, - си Іэпэр кІыфІымкІэ сшиящ, - джэду зэрыщх макъкъэ ар?

Ди адэри, шхэнір зэпигъэури, зэщІэдэІукІащ. Аргуэру нэхъ иныжу, зилІэжу, къэІурт джэду макъыр. Ар иджыпсту ещхьт хьэм жыгым дрихуей джэдум и кІий макъым.

- Уэлэхьи, ар зи кІиикІэр, дауи, мэз джэдум. Сытми зы къулейсызыгъэ бэлыхь къыІыысащ абы и псэм. Тхъэм ещІэ, нэгъуэщІ псэущхьэ бзаджэ гуэр пэщІэхуагъэнщ, - жиІэри шхэн щІидзэжащ.

ЗытІэкІурэ щыму дыщысауэ аргуэру а макъ дыдэр къэІуащ, итІанэ, къуацэ кьралъэфэкІ хуэдэ, зыгуэркэр зэрызелъафэу къытфІэщІащ.

- Уэлэхьи, мыбы зыгуэр щыщІыІэм... - и псальэр нимыгъэсу и фочыр къыпхъуатэри, ди адэм Іэуэльауэ здэщыІэмкІэ иунэтІащ.

Ди адэр щІэкІыу, пкъом фІэлъа фочри щызымылъагъужьым, сэ нэхъри сыкъэушынащ. Ауэ я нэхъ хьэкІэжхъэкІэ шынагъуэ дыдэри мафІэ нэхум бгъэдэмыхьэфу зэрыжаІар сщІэжьырти, абыкІэ си гур зэгъэфІу, сымыбэлэрыгъыу пхъэ теслъхьэрт дэпхэм. Куэд дэмыкІыу мэзымкІэ фоч щыуащ.

Абы и иужькІэ сэри си гур нэхъ къыззрыгъэтыжащ

- Ауэ сытми дзэгъэуэняу аращ, ярмыхъумэ мэзыр кІыфІщи, зыри хэслъагъэркъым, Іэуэльауэри уиІэжмыпащ, - жиІащ пщыІэм къыІухьэжа ди адэм, фочыр пкъом фІидзэжурэ.

Пщэдджыжьым псыхьэ сыщыкІуэм, япэщІыкІэ архъуанэм сыІухьэри къэсщытащ си къунтхэм бдзэжьей къыфІыхьарэ къыфІэмыхьарэ. ИтІанэ, ныжэбэрей джэду макъыр си тхьэкІумэм итти, ар зищІысри къэсщІэну яужь сихьащ. Зы псэущхьэ гуэр си нэм къыфІэнэну пІэрэ жысІэу, сакъыу зысплъыхьырт. Куэд дэмыкІыу псы кьиигъэхъуапІэм ипщэжкІэ щІыпІитІым и деж лъы лъэужьхэр къыщыслъэгъащ. АдкІэІуэ сыкІуэмэ - зы хьэкІэхъукІэ плъэжь-гъуабжафэрэ зы фІыцІабзэрэ лІауэ щылъхэт. Сэ зы дакъикъи зызмылэжьэу сыкъыщІэпхъуэжри ди адэр сшащ.

- Мыр дзыдзэщ. Ныжэбэ жащым уВыІэгъуэ имыІэу кІияр мы мэз джэду тхьэмыщкІэрщ, - жиІэри абы зи псэфыльэр дзыдзэм и жьэм жьэдэлъ джэду лІар къыжьэдитхъащ.

Дзыдзэри уІэгъэншэ хъуатэкъым. Абы и нэ лъэныкъуэр мэз джэдум и лъэбжьанэ жанхэмкІэ къритхьат, и ныбэгури, сэкІэ иратхъам хуэдэу, зэгуэпхъат.

- Сытми, зыгуэр зэпаубыдри зэрыІыжауэ аращ мыхэр. Сыту пІэрэ, ярэби, яхуэзэрымыгъэгъуэтар? - Іэхум и щхьэусыгъуэр къищІэным ди адэр егупсысырт, зэ къэрэкъурэхэм фІэлъ цыхэм еІусэу, зэми щІым кІэрыткІуа лъы бжьыгъэхэм еплъу.

Арыхэу, абыхэм лъэбакъуэ зыбгъупщІ нэхъ япэмыжьжьэу псы Іуфэм Іулъ бдзэжьей къуэлэныщхуэр си нэм къыфІэнэри, сэ сыкІиящ:

- Уэ, модэ, мо бдзэжьей-ри!..

- ГурыІуэгъуэщ иджы мыбыхэм яхуэмыгъэшар, си щІалэ. Зым къиубыда бдзэжьейр адрейм трихыну хэтагъэнущ...

Сэ а слъэгъуа псори сфІэхьэлэмэтт. Дзыдзэмрэ мэз джэдумрэ я фэхэр трихщ, ахэр башкІэ дахэу икъужри, ди адэм зыкъыскъуигъэзащ:

- Нэхь иджы пщыІэм. ЩІымахуэм хьэукІ пыІэ дахэ пщхьэрыгъэнщ.

Іэ лъэныкъуэ зырызымкІэ фитІыр сІыгъыу, ди адэм япэ ситу, сэ пщыІэм сыкъытехьэжащ.

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан.

КІущэ Нау

Къысхуэмыщ1э, кІущэ Наум
Нышэдибэ къыщыщІар,
Къысхуэмыщ1э, кІущэ Наум
Хэт и жагъуэ къэзыщІар?

Фалъэм изу шэ естати,
Ауэ зэ хуемыплъэкІа.
Згъэджэгуну сыхэтати,
И пІэм Науэ схуимыкІа.

Зиущэхуауэ щІэсщ стІол щІагъым,
И нэр текІыркъым бэлагъым.
Къысхуэмыщ1э, кІущэ Наум
Нышэдибэ сыт есщІар?

Къысхуэмыщ1э, кІущэ Наум
Хэту пІэрэ ешхыдар?..
Си къуэш Мэдэ сыщеупщІым, -
Псори къызгуригъэІуащ.

Шатэ банкІыр хунт хуэхъуати,
Наум фІыуэ хигъэщІащ.
Ар ди мамэ илъэгъуати,
КІущэ щІыкІум щІэгубжьащ.

ИщІам КІущэ щІэщтэжауэ,
ЩІэсщ стІол щІагъым, знудыгъуауэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Гъэмахуэ

Гъэмахуэщ, махуэр дахащэу,
Анэбзэм хуэдэу гуапащэу.
Гъэмахуэм псэр дэщІэращІэу
ЩІыр къобуэжыр щІэрыщІэу.

Уафэ щхъуантІэшхуэм и лІыкІуэу
Дыгъэм и бзийхэр кьиуащ.

И ежьэжыгъуэр къэблагъэу,
Гъэмахуэр къэхъумэ нэщхъей,
КъэкІыгъэ щІыкІуэр мэгухэ,
Зеиншэ хъуахэ нэхъей.

ПЩЫГЪЭУШ Залым.

Лэгъупыкъу

Уэшхым щигъэтыжри,
Лэгъупыкъу кьищІащ,
Пшэхэм заІэтыжри,
Щхьэхуу ежьэжащ.
ЦІыкІухэр ягъэщІагъуэу
Лэгъупыкъым йопльэ.
КІапсэ зэмыфагъуу
Уафэм ар кІэрылъщ.
ЦІыкІухэр мэгупсысэ,
Хэтщ Іуэхушхуэ гупыр:
«Месыр лэгъупыкъур, -
Дэнэ щыІэ лэгъупыр?!»

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Нэщэнэхэр

Вагъуэзэшиблым загъаззмэ

♦Бештоужьыр кьеншэмэ, гъэр гъэфІ хъунущ, жаІэрт.
♦Бжьыным фэ куэд тельмэ, щІымахуэр щІыІэ хъуну кьалъытэрт.
♦Вагъуэбэр щІым хэпльэмэ, къэб къуэпсым зедз жаІэрт.
♦Вынджьхъэр зэрызехьэмэ, джэгумэ, уэлбанэ хъуну хуагъэфащэрт.
♦Вагъуэзэшиблым загъаззмэ, ихху мэщ жаІэрт.
♦Гъуэгуащхьэм пхъащхьэмыщхьэ жыг хэпсэну фІыщ.
♦Джду къэбгъафэмэ, уэлбанэ мэхъу, жаІэрт.
♦Ерыскъы зытельэ Іэнэм уи щІыб хузбгъэзэну фІыкъым.

● Бзэкъутэ-бзэщІыж

Лэныстэ-мастэ.
Къэбыстэ-пІастэ.

Е семышу сезэша?
Е сешауэ сызэша?

Бзур бзэрабзэм -
Бзейр мэубзэ!

Къулъшыкъушхуэ,
къуэшхуэ!
Къуэшхэ,
шырыкъушхуэ!

Къепсыр къепсу
къепсыхьжри -
Къепсыр къепсри,
бзэхьжащ.

Псынэ, псыбэ,
бырыбищ,
Щыбырыбыр
пІырыпІищщ.

ХЬЭПУПЭ ДжэбрэІил.

● Къуажэхьхэр

И хэщІапІэр шэд псыІуфэщ,
МапкІэ, малъэ - дэни нос,
И щыгъынри удзыфэщ.
И нэр пІащэщ, Іэзэу йос.

(ЖЭРЕІЕРИКЪАХ)

И инагъкІэ хъуркъым бжьиз,
Елъэф хьэлъэ - къэб хуэдиз.

(ЖЭРЕІЕРИКЪАХ)

Ар къоушыр псом нэхъапэ,
Имытхьэщі абы и напэр,
Къытоувэри льагапІэм,
Пщэдджыжь къэскІэ ину маІуэ!

(ЕЛАНЫ)

Бжьакъуэ папщІэщ, жьакІэ кІыхьщ,
Іэщу дэтым я пащтыхьщ.
Шы мыгъасу кьелъэтыхь,
Хадэ утэщ, сыт бэлыхь.

(ЧЭЖЭЖУ)

Топым хуэдэу ар хъурейщ,
НэхукІи хуабэкІи кьулейщ.

(ЕЛАНЫ)

БАТЫР Мухъэрбий.

ТхьэкІумэкІыхь

Ей, тхьэкІумэ,
ТхьэкІумэ,
Ей, тхьэкІумэ кІыхь,
КІапэ ныкъуэ,
Пэ дыкъуакъуэ,
Уи тхьэкІумэр
Хэт пиша,
Ей, уи кІапэр
Хэт пича?
Сэ си упщІэм
Жэуап къети,
Абы щхьэкІэ
Сэ уэстынщ,
Пхъышхуэ
Сэ уэстынщ,
Пхъышхуэ
Уэзгъэшхынщ.

НатІэху

Си шкІэ цІыкІуу
Си натІэхур
Куэдрэ пщІантІэм
Сэ дызохур
ТІэкІу хъуэкІуэну,
ТІэкІу теуну.
Ауэ пщІэрэ
КъыфІэІуэхукъым
Сыт жысІами,
Кьедэ1уэфкъым.
Си япэ иту
КъыщІопхъуэж,
Бэкъым щІэсу
Сыхуозэж.
И кІэ цІыкІур
МэпІэжьажьэ,
И нэ цІыкІухэр
ЗэщІолыдэ,
Мэжьэгъуашхэ,
Кьызошхыдэ:
«Сэ сыхуейкъым
СыхъуэкІуэну,
Сэ сыхуейкъым
Удзыжь сшыну.
Сэ сыхуейщ
ПІапІу сефэну.
Ущымыту
Уэ мыбдей,
Хъуну щытмэ
Зыгъэхъей!
КІуэи мамэ
Къысхуэшэж,
Шэ пІапІуКІэ
Сыгъэтхъэж!»

ЩОДЖЭН Леонид.

● Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр

ФифІ фымыгъэпуд, фи Іей фымыгъэпщкІу

Къэзанокъуэ Жэбагъы сымаджэ хьэлъэу хэлът. Жэбагъы жьы дыдэ хъуати, ЦІыхухэр гузавэрт: «Мы лІы Іущыр лІэмэ, хэт деж чэнджэщакІуэ дыкІуэну?» - жаІэу.

Жэбагъы сымаджэ зэрыхъуар щІыхум щІэзэхахым, абы деж щІэзэхуэсащ зыкъом. Абыхэм ящыщу нэхъыжь гуп зэрыгъэгъуэтри унафэ ящІащ.

«Алъандэрэ лІым я лІыжу дэ кІыгъэтащ Жэбагъы. Сыт хуэдэ гуэзэгъуэ дримыхьэлІами, Жэбагъы зэкІыпІэ кІыгъэтхуигъуэтырт. Иджы мыр дунейм ехьжмэ, хэт деж чэнджэщакІуэ дыкІуэну? Мыбы и псэр Іут щІыкІэ деупщІыну, узэсту сыт кІыгъэтхуигъанэми, дауэ дыпсэумэ нэхъыфІми жедгъэІэнщ», - жаІэри нэхъыжьхэр щІыхьащ Жэбагъы и деж.

Щіыхьэри, жраІащ:

- Уа, Жэбагъы, уэ дунейм дахэу утетащ. Ауэ уэри уощІэри, дэ псоми ажалыр къытщІэлъщ. ПщІэну щыткъым дунейм ущекьжьыну пІапІэр... Ди гуапэт уэсрт гуэр къытхуэбгъэзэну, нэхъ псоуэ дызэрыхъунур къыджепІэну.

- Си уэсятыр ныбжькІэрэ зэІэпыфхыну псалъэ къызэфтрэ? – жиІащ Жэбагъы.

- Удот! – зы жьэу зэдыжаІащ лІыжьхэм.

- АтІэ, - жиІащ Жэбагъы, - си уэсятыр мыращ: япэ фымыуэ, къывэуэм хуэвмыгъэгъу; гъунэгъу Іей благъэ фымыщІ; фифІ фымыгъэпуд, фи Іей фымыгъэпщкІу. ЗэвгъащІэ: зэман къакІуэм щІэкъур лІыфІщ.

● Къуажэхьхэр

ЩІымахуэ

ЛІыр губгъуэм къикІыжу зы хъумпІэцІэдж къыхуэзащ, гуэдз хьэдзэ илъэфу. ЛІыр еІэбыхри, хъумпІэцІэджыр къищтауэ йоупщІ:

- Уэр фІэкІа шэрей зимыІэм мы гуэдз хьэдзэшхуэр дэнэ плъэфрэ?

- Ди кхъанцэгум. ЩІымахуэ шхын догъэтІылъ. Дэ куэд дохъу, - жеІэ хъумпІэцІэджым.

- АтІэ мы уи щхьэр сыту гъум.

- Акъыл илъщи аращ, - жэуап кьет хъумпІэцІэджым.

- Ари хъарзыни. АтІэ мы уибгри сыту псыгъуэ? - щІоупщІэ лІыр.

- Лей сшхыркъыми аращ, - жеІэ хъумпІэцІэджым.

- Дапщэ апхуэдэу пшхыр?

- Ипэсым зы гуэдз хьэдзэ схурокъу.

- Деплъынти атІэ, - жиІэри лІым хъумпІэцІэджыр и хьэзырылъэм иридзащ, зы гуэдз хьэдзэ кІэлъидзыжри, хьэзырыщхьэр игъэбыдэжащ.

Апхуэдэу илъэс дэкІащ, илъэс етІуанэри иухащ, лІым хьэзырым иридзэ хъумпІэцІэджыр игу къэмыкІыжурэ, Ещанэ илъэсым зэ и щхьэ къыдридзеижри, лІым хьэзырыщхьэр Іуихащ. ХъумпІэцІэджыр хьэзырым къригъэхури абы кІыкІэлъихуащ гуэдз хьэдзэ ныкъуэ, Іыхьитлу гуэшауэ.

- Мыр слІо? Гуэдз хьэдзэм илъэскІэ урикъуу жыпІати. Илъэс ещанэр екІуэкІрэ пэт иджыри гуэдз хьэдзэ ныкъуэ уиІэжи? - щІэупщІащ лІыр.

ХъумпІэцІэджым жэуап кьет:

- Сэ сигу къэкІащ: мы хьэзырым сыкъизыдза ахьмакъым къыщыгъупщэу сэ мыбы куэдрэ сисын хуей хъуну къыщІэкІынщ. Си гуэдз хьэдзэр зэзмыгъэзахуэмэ, шхын щхьэкІэ сылІэнщ. Иджы мис болъагъу.

Пэж къыжраІам щхьэкІэ пимыдзыжІауэ лІыр и щхьэ щІэтІахъуэри ежьэжащ.

● Къуажэхьхэр

Ар къоушыр псом нэхъапэ

Имытхьэщі абы и напэр,
Къытоувэри льагапІэм,
Пшэдджыжь къэскІэ ину маІуэ!

(ЕЛАНЫ)

Бжьакъуэ папщІэщ, жьакІэ кІыхьщ,
Іэщу дэтым я пащтыхьщ.
Шы мыгъасу кьелъэтыхь,
Хадэ утэщ, сыт бэлыхь.

(ЧЭЖЭЖУ)

Топым хуэдэу ар хъурейщ,
НэхукІи хуабэкІи кьулейщ.

(ЕЛАНЫ)

БАТЫР Мухъэрбий.

АДЫГЭ лъагъуэжьхэр

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар КЪУМАХУЭ Асльэнщ

Бабыгу

● Фщlэуэ пlэрэ?

Щхьэгуащэрэ Лабэ Цыкlурэ хэлъэдэж псы къуэпсхэр зэхэзыгъэшыкl джабащхьэ екlуэкlым Бабыгу (Бабук) щlэр зэрехьэ. Шытхьащхьэр Тхьащы псым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкlэ щыlэщ.

Тхьдэм дыпхрыплъыжмэ

Дызэрыщыгъуаззщи, Урыс пащтыхь къэралыгъуэжьым Кавказыр зыlэщlигъэхьэн мурадкlэ, а лъахэм и лъэпкъхэр зауэ мыуохьжым хидзауэ щытащ. Абы ипкъ иткlи, XIX лъэщlыгъуэм и пэщlэдзэхэм Къэбэрдейр хьэлэбэлыкъышхъэ хэхуат. Зэрыпхъыкlуэхэм я унафэ щlэуфэну хуэмей пщыхэмрэ уэркъхэмрэ, къегъэщlылlэ я цlыхухэр я гъусэу, Псыжь адрыщІкІэ lэпхъуащ. Апхуэдэ щыкlэм тету, Бабыгу (Бабыгуей) къэбэрдей лакъэуцlэр зезыхьэ пщым и къуажэ зыбжани Лабэрэ Щхьэгуащэрэ я зэхуаку дэлъ щыналъэм къыщыхутащ. Щыlэпсцlэхэр зыдджэм я нэхъыбапlэм зэрытрагъэчныныхьымкlэ, шытхым и иджырей фlэщыгъэр я унэцlэм къытехьуакlащ (Виноградов Владимир, «Топонимия средней Кубани»).

Мыбдеж къущхьэхъум щыщlедзэ

Бабыгу шытхым ижькlэрэ щыпхаша лъагъуэм ухуешэ зи зэхуакур щхьэдэхыпlэ папщlэу къаугъэсэбэп. Ажэжьбжьу бгыжь дыкъуакъуэм. Къыхэгъэщыпхъэщ, иужьрей Іуащхьэжьитlыр щыпlапlъэхэм куэд щlауэ къызэрагъэунэхуари, нэгузегъэужьыпlэ телъыджэу ар абыхэм къызэрагъэтэри.

Бабыгу шытхми къуапитl иlэщ. Къуэкlыпlэмкlэ щыlэ и щыгум, «Бабыгу Цыкlу» («Малый Бабук») щlэр зезыхьэм, метр 1551-рэ, къухьэпlэмкlэ зызыlэта и нэпкъхэм метр 2000-м нэблагъэ я лъагагъщ.

Ажэжьбжьу бгыжь дыкъуакъуэм, зэрыщыту къатщтэмэ, километри 5 хуэдизи и бгъуагъщ. И лъэныкъуитlыр блын задитlщи, щыхуэгъуеихь Іэгъуэблагъэм метр 300 хуэдизкlэ щхьэщыlэтыкlащ. Я зэхуакур дыхьэпlэ-дэкlыпlэщи, и бгъуагъыр метр 500-м нызэрохьэс. Къущхьэхъу хьупlэхэм мыбдежым зэрыщыщlадзэр къыуагъащlэ Іуащхьэжьитlым я джабэщlри Іэшэльашэри удз Іув куэдыкlейм зэрызэщlасеям. Ажэжьбжьу къури дыкъуакъуэм къукъэпlэмкlэ щыlэ и бгыщхьэр Кавказ биосферэ мэзкъуэдым и гъунапкъэщ.

Ковешников Вячеслав «Очерки по топонимике Кубани» и тхылъ телъыджэм зэрыщитхымкlэ, фlэщыгъэр «Бабыкъуэ» цыхухъуцlэм къытехьукlауэ къэзылытэзэри щыlэщ.

ЛЪАГЪУЭРЫКlУЭ Шухъыжьэ.

Кавказым и къухьэпlэ лъэныкъуэмкlэ щыlэ адыгэ лъагъуэжьхэм ирикlуэн фlыуэ зылъагъуэм ди гъэгуанэм пыдощэ.

ЩlАЛИПЛl дыхъуу, Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ дыкъыщежьэри, Щхьэгущэ и психьэщхьэ иужьрейуэ къыдэс Гъуаззрыпль жылпэ цыкlум дынэсащ. Абдежым нэху дыкъыщекlащ. Къэунэху махуэщlэм и пщэдджыжьыпlэм а щыпlэм дыкъыlукlри, жэщитху-махуитхум и кlуэцlкlэ лъэс лъагъуэ защlэкlэ бгыхэм дыщызэхэзекlуащ. Зекlуэ гъэгуанэ зэдытетхэр Кавказ Шытх Нэхъыщхьэр зыгъэбжьыф фlэ Фыщт Іуащхьэжьым и лъабжьэм дыщlэкlащ, щхьэдэхыпlэ зыбжанэм дыщхьэдэхащ, къущхьэщыб Іуащхьэжьхэр зи къежьапlэ Шахэ и псыхъущхьэм дынэсащ, ауэрэ дыздеущэхым, нэр зытепльызэ тепхъэ дахэ куэд зиlэ тlуащlэ бгъуфlэшхуэм дыкъыдэкlуащ.

Псыр эдежэж лъэныкъуэмкlэ километр зыбгъупщlкlэ декlуэтэхауэ, махуэри и кlэм нэблагъэауэ, «пшапэр зэхэмыуэ щыкlэ» жьтlэри, жэщхэс щытщl хъун щы сэтей тlэкlу щхьэжьэ зыптлпльхьын щlэддзащ. Апщlондэхукlэ къухьэпlэм хуеп эзэзэхха дыгъэри, игу дыпымыкlыу къэщхьэжа нэхъей, и иужьрей бзий гуапэхэмкlэ къыдздэхэщlэжырт. Шахэ и псы хуабэм дызэпрыкlдыкъызэпрыкlыжьурэ, лъэсу дыздехым, сэмэгу лъэныкъуэмкlэ, щыхтхуагъэхьэзыра фlэкlа умыщlэну, дэ къыщыхтпльагъащ, уэншэкум хуэдэу удз Іувым щlигъэнарэ чыцэ гъэрэнжэмкlэ къэухъуреихыжьжауэ къэлэгъуа, псыlум щхьэщыlэтыкlа фэху тlэкlур.

... Абдежым зидгъэзагъэри, нэху дыкъыщекlащ. Уафэр пщэдджьыжь пшэпльым дыхьэрэну къыщрилэм, нэхъыжьитlыр дыкъэушащ, дыкъэтэджри жэщым зэхэкlыжа мафlэр зэщlэдгъэстыжащ, шхын хьэзырри дгъэхуэбжащ. Ахэр щызэфlэдгъэкlым, алъандэрэ я гугъу дымыщlу, пщэдджьыжь жей Іэфlыр «тхъэжу» езыхьэкlа ди гъусэ ныбжьыщlитlым дегуоуащ:

- Ей, щlалэфlхэ! Фытэджи, зыфтхьэщl! Шхыныр хьэзырщ, махуэщlэри къыфполлъэ! - жьтlэри.

Иджыри къыздэсым бгыщхьэхэм къыщытхуэ мыщхьэпа телефонхэр Іуддзэжагъэххэти, си благъэм и Іыхьлыуэ Шахэпэ (Головинкэ) дэс Тхьэрыкъуахъуэ Руслан деж сlуэхуащ, зекlуэ гупыр гъунэгъу дыкъызэзыгъэхъуамкlэ хъыбар езгъащlэу.

Абыи, Іэхур зытетыр къыщыгурыlуэм, асыхьэтым и машинэмкlэ гъэгу къызэрытехьэр къыжкlащ. Телефоным зэхьдигъэха макъ жьгъырум дэ зыхыдигъэщlащ ар зейр махуэ зыбжанэ хъуауэ къызэрытпэпльэри, бгым дыкъыщхьэпрыкlыу гъунэгъу дыкъызэрыгъэуауэ щыта Шахэ и псы хуабэм дынэсащ, ауэрэ дыздеущэхым, нэр зытепльызэ тепхъэ дахэ куэд зиlэ тlуащlэ бгъуфlэшхуэм дыкъыдэкlуащ.

Псыр эдежэж лъэныкъуэмкlэ километр зыбгъупщlкlэ декlуэтэхауэ, махуэри и кlэм нэблагъэауэ, «пшапэр зэхэмыуэ щыкlэ» жьтlэри, жэщхэс щытщl хъун щы сэтей тlэкlу щхьэжьэ зыптлпльхьын щlэддзащ. Апщlондэхукlэ къухьэпlэм хуеп эзэзэхха дыгъэри, игу дыпымыкlыу къэщхьэжа нэхъей, и иужьрей бзий гуапэхэмкlэ къыздэхэщlэжырт. Шахэ и псы хуабэм дызэпрыкlдыкъызэпрыкlыжьурэ, лъэсу дыздехым, сэмэгу лъэныкъуэмкlэ, щыхтхуагъэхьэзыра фlэкlа умыщlэну, дэ къыщыхтпльагъащ, уэншэкум хуэдэу удз Іувым щlигъэнарэ чыцэ гъэрэнжэмкlэ къэухъуреихыжьжауэ къэлэгъуа, псыlум щхьэщыlэтыкlа фэху тlэкlур.

... Абдежым зидгъэзагъэри, нэху дыкъыщекlащ. Уафэр пщэдджьыжь пшэпльым дыхьэрэну къыщрилэм, нэхъыжьитlыр дыкъэушащ, дыкъэтэджри жэщым зэхэкlыжа мафlэр зэщlэдгъэстыжащ, шхын хьэзырри дгъэхуэбжащ. Ахэр щызэфlэдгъэкlым, алъандэрэ я гугъу дымыщlу, пщэдджьыжь жей Іэфlыр «тхъэжу» езыхьэкlа ди гъусэ ныбжьыщlитlым дегуоуащ:

- Ей, щlалэфlхэ! Фытэджи, зыфтхьэщl! Шхыныр хьэзырщ, махуэщlэри къыфполлъэ! - жьтlэри.

Иджыри къыздэсым бгыщхьэхэм къыщытхуэ мыщхьэпа телефонхэр Іуддзэжагъэххэти, си благъэм и Іыхьлыуэ Шахэпэ (Головинкэ) дэс Тхьэрыкъуахъуэ Руслан деж сlуэхуащ, зекlуэ гупыр гъунэгъу дыкъызэзыгъэхъуамкlэ хъыбар езгъащlэу.

Абыи, Іэхур зытетыр къыщыгурыlуэм, асыхьэтым и машинэмкlэ гъэгу къызэрытехьэр къыжкlащ. Телефоным зэхьдигъэха макъ жьгъырум дэ зыхыдигъэщlащ ар зейр махуэ зыбжанэ хъуауэ къызэрытпэпльэри, бгым дыкъыщхьэпрыкlыу гъунэгъу дыкъызэрыгъэуауэ щыта Шахэ и псы хуабэм дынэсащ, ауэрэ дыздеущэхым, нэр зытепльызэ тепхъэ дахэ куэд зиlэ тlуащlэ бгъуфlэшхуэм дыкъыдэкlуащ.

Псыр эдежэж лъэныкъуэмкlэ километр зыбгъупщlкlэ декlуэтэхауэ, махуэри и кlэм нэблагъэауэ, «пшапэр зэхэмыуэ щыкlэ» жьтlэри, нэху дыкъыщекlа фэхум ди къэпшыпхэр псынщlэ-псынщlэу щызэщlэткъужжащ.

А псом дыздыхэтым, тщыщ гуэрым гу лъыдигъэтащ, альандэрэ зищыысыр къыдгурымыlуащэу уэгум щызеуа къуалэбзу дамабгъуэхэр ныс тхъэрыкъуэу щытынкlэ зэрыгъэкlуным.

- Ар дауэ, - шэч къытезыхьи къытхэкlащ, - хы псыlум къыlупъэтыкlыу мыбы нэс сыту ахэр къыдэмыкlуерэт!

Арщхьэкlэ, кlуэ пэтми нэхъыбэж зэрыгъэхъуа бзухэр набдзэгубдзапльэу щызэпэтпльхьыым, ахэр зэрыхьтхъэрыкъуэр къыдгурыlуащ. Дегупсысыжри, «зэхэдгъэкlащ» зи гугъу тщlы къуалэхэм дежкlэ хы щхьэфэри тепхъэхэр зи бащэ псыри я зэхуэдэу щытынкlэ зэрыхъунур. Ди псалъэмакъым щlэдэlу ныбжьыщlэхэри, «иджыри къыздэсым дыкъызэхыеlа хым гъунэгъу дыкъыхуэхъуакъэ иджы!» жаlэурэ гуфlэхэрт.

«Дамбэ»

Руслан къыщытпежьэну зи гугъу ищlа бжьэпэм щхьэкlэ, кlуэ ар абы къызыхихар я къащlэ, «дамбэм и деж» жиlат. А фlэщыгъэм къригъэкlар къызэрыдгурымыlуэщам къыхэкlыу, адрыщlмкlэ щыlэ мэзмытъэ Іуащхьэхэр кlуэрыкlуэм тету нэкlэ щlэтпщытыкlырт.

Арщхьэкlэ, псыхъуэм и къэгъэшыпlэ гуэрым дызэрыфрэкlыу, «мис мыракъэ?» жужьпlэну, Руслан къыщытпэплъэну «зи цlэ ириlуа» щlыпlэр къэтцlыхуащ. Гу лъытащ лъагапlэ цlыкlу ими, абы и щыгум Іэдакъэжьауэ ищlауэ къытеуа щlалэмри.

Иужькlэщ дэ къыщыдгурыlуэжар, хыlуфэрыс адыгэ нэрыбгэм, къыщытlущlэн папщlэ, а щыпlэр къыщыхихар: абдежыращ щиухыр машинэ псынщlэхэм къатемыхьэлъэу ущызэкlуэ хъу асфальт тепхъуэр. Адэкlэ зэрыбыркъуэшыркъуэм и мызакъуэу, гъуэгур ныджэм зыщхьэщызыlэтыкlа къуакlэбгыкlэхэм йохьэ. Иужьым щыгъуазэ дызэрыхуащlамкlэ, абыкlэ километрищ хуэдизкlэ удзкlуеижмэ, мэз Іувым къыхэпlимкl къыр нэпкъхэм нэжэгужэу къащхьэпрыльэ Джагуэщ псы бгъунэ щыкlур Шахэ щыхэпъэдэжьым деж къыщыунэху гъуэфыльэ дахэкlейм ущыхуозэ.

Абдежыр и щlэдзапlэщ жыгъшхуэхэр зыщхьэщыт къуэладжэ Іуэзвым удэзышэ лъагъуэм, хы Фыщlэ Іуфэм иужьрей ильэс 15-м къриубыдэу зыщызыгъэпсэхухэм хуабжьу къагъэуэнэху нэгуэгъэужьыкlпlэ тельыджэм. Апхуэдэу, Джагуэщ и къуэбжьым ущроихьэлlэ мывэ джеижьхэм лэдэх куухэр кьыхэзыlущыкlэ псыкъелъэу 33-м. Итlани, а щыпlэм и дахагъымрэ абы пыщlа хьыбархэмрэ, къыдэхьулlэмэ, иужькlи дытепсыльхьынщ. Мызыгъэгукlэ, Шахэпэ (Головинкэ) дэс Тхьэрыкъуахъуэ Руслан и унагъуэр къызэрытlущlа щыкlэм и гугъу тщlынщ.

Псыхъуэм дыщызэIуощlэ

Къэхъуар гъэщlэгъунэщ. Тхьэрыкъуахъуэ Руслан гъунэгъу къызэрытхуэхуар къызэрыдгурыlуауэ (щыуэпсым хэтынкlэ дримыкъуа нэхъей!), Шахэ къырыlъэ джабалъэм къыщыкlэщlиlущыкlа, арахъуанэ теплъэ зиlэ кууупlэм, псори дызыlэпишат. А жьгъур, зэрытпъагъуу, жэнэт щlэжьыпlэу къытщыхуащ. Хуэфlу кlэщlэльъадэ псым зыщlэбгъэмбрыуэнкlи ущесынкlи дагъуэт. Нэхьри, зэманыр къулъшыкъым нэсати, дыгъэр уафэгум хуэфlу къиуат. Абдежым псори дызэгупсысаращ, «сытуи щlэхыlуэу къытпежьат, атlэ, мы ди бысымыр?».

Афlэкlаи хэлъакъым. Зекlуэ гъэгуанэ зэдытета щlалипплым щыщу сэ зым фlэкlа къэмынэу, адрейхэр зы напlэ дахьеигъуэу а арахъуанэм къыхэхутащ, ялэжьым упщlи-щlэщхъуи хэлъ ямыгугъэжу.

Сэтей-ныджэм си закъуэ сыкъытенащи, бысымыр къызэх сэнтхьмкlэ соплъэкl, «ярэби мы си гъусэхэм емыкlу къызамыгъэхьащэрэт!» гупсысэми сиlыгъщ. Руслани, зыlэжьэныр зигу къэмыкlыххэм хуэдэу, лъэбакъуэхъу хъужауэ, бжьэпэ цыкlум зыкъгурыlэщэтэхащи, ди зэхуаку дэт псым, и лъащхьэхэр дригъэджэрзэеныхь, къыхохьэ.

Дыгъэ бзийр зыхэпlщlыпlщlэ Шахэ тхъэжу хэс гупым я нэхъыжьым соджэ, адрейхэри къыздыхишыжу, езыми зимыlэжьэу, гуфlэжурэ къакlуэ щlалэм дыпригъэжьэну. Тхъэм щхьэкlэ, Хьэбас псом япэ зыкъищlэжри, архъуанэм къыхэкlыжащ, Руслан и къыухьэгъуэ дыдэм ирихьэлlэуи къыдбгъэдыхьащ. Ныбжьэгъэмрэ бысымымрэ зэрызгъэщlыхуащ.

Ныбжьыщlэхэр апхуэдизу щlэнэжэгъужэми зыгъэфlэнкlэ щlиримыкъужми щхьэусыгъуэхэр иlэт: абыхэм къагурыlуат лъэс къэкlухьынкlи и кlэм зэрынэблагъари, дыздынэса щыпlэм бысым зэрыщыдгъуэтари. Итlани, Хьэбас, мо цыкlукъэм я джагуэкlэр имыкурэ имыбгыу икlи емыкlуу къилытэрти, и къуэ Асльэнрэ абы и ныбжьэгъу Амирэ егуоуащ:

- Хьунщ иджы, ауэрэ зывмыщlу псым фыкъыхэкlи, мы къыlухьам фыкъыбгъэдыхьэ! - жиlэри.

Руслани ар диныгъащ:

- Фынакlуэ, фынакlуэ! Гъуэгум и кlыхьагъкlэ мы псымкlэ зывмыгъэнщlамэ, дыздэкlуэми ар щыlэщ, - жиlэри, нэхъыщlэ цыкlухэм яхуэгуфlащ.

Бысымым ди къэпшыпхэм ящыщ къищтауэ, дыздэкlуэм, долъагъу: нэпкъым тет мывэ блын гъэжам адэкlэ бзылъхугъэ лъагъуэгъуафlэ гуэр къыlутщ, машинэ псынщlи къыбгъэдэтщ. Абдежым дигу къэкlаращ: «Мыр, дауи, Руслан и щхьэгъусэращ, гъущыыщри а тlур мы щыпlэм къэзыщэсарщ».

Къыпежьахэм ди къэпшыпхэр я машинэ гупкlэм ирагъэзагъэщ, дэри дагъэкlэсыжри, Шахэпэ щlэ я щlапlэр здэщыlэ лъэныкъуэмкlэ ирагъэзыхащ. Арыхэуи, Шахэкlеишхуэ (Большой Кичмай) шапсыгъ къуажэм кlуэрыкlуэм тету дыдэкlащ. Ар хы Іуфэм километри 7 хуэдизкlэ пlэщlэщ, щыпlапlпхэр дзэзыхьэх тlуащlэ телъыджэр и хэщlапlэу. А пщыхьащхьэ дыдэм а жьлэм къытедгъэзащ, гъэщlэгъуэну гуфlэгъуэ пшыхь щекlуэкlа щыпlэми дыщыlащ. Ауэ, ар нэгъуэщlу хьыбарщ.

Быысымэм дыздашэмкlэ къедгъэзэкlыжьнщи, дыздынашэсамрэ дыкъызэдыIукlамрэ я зэхуаку километри 10 хуэдизкlэ дэлъми арагъэнщ.

Зэщхьэгъуситlым я бын цыкlухэр, къыlульэджэ машинэм гу зэрылъатэу, пщlантlэм къызэрыдэхащ, альандэрэ къызэрытпэплъа къыдагъащlэрэ хьатхуэгуфlэжэу.

Абдежым дэ зыхэтщlащ Тхьэрыкъуахъуэхэ хэщlагъэ нэс къызэрыдахьнури, псэгъэтшныщыгъу дахэ я деж зэрыщыдгъуэтынури. Дыкъэзышэса «шыгум» ди къэпшыпхэр къызэдитхри, дыгъэпсым щlигъэна пщlантlэ Іэкуитлъхуитым и бгъымкlэ зыщыщэзыуэдия жьзымейм и лъабжьэм дыщеtысхащ.

Псышхуэм зыкъызэрыддищlар

Дэ, гъуэгу здэытетахэм, хьэщlэщ папщlэу пэш щхьэхуэ тхуагъэхьэзырати, щэджагъуашхэ нэужьым абы зыщедгъэщlащ. Ренэ пэжьыгъэ Іуэхуэ Іукlати, пщыхьэщхьэхуегъэзэкlыу къигъэзэжащ. Асыхьэтуи къыджиlащ нэхъыщlэ щыкlуэр (езым ейхэри яхэту) куэд щlауэ зыщlэхъуэпс «псышхуэм» дызэрищэр.

Дыздынэсам щыхухэм я къыlуухьэтъуэт. Хы щхьэфэм къэухъубеифэ тетми, ныбжьыщlэхэм дуней тхъэгъуэр зэрахьэрт. Зэгъуэсхэр чэзу-чэзууэрэ псым дыхьэрт.

Абдежым дгъэщlэгъуэращ. Бысымымрэ и къуэ нэхъыжьымрэ, тlури нэжэгужэрэ Іэпкъпльэпкъ псынщlэхэу, псы зыкъэзыlэтам, я гъащlэм ямылъэгъуам хуэдэу, хуэнэхъуеинщэу щыгуфlыкlхэрт, хэлъадэрти хысыджхэм зыкlыщlадзэрт. Ар зыlъагъу дэри, ещхьырыкъабзэу джэгуным дыхуэпабгъэти, псым и зыщlыкlэм зыдедгъэкlурт: къыщыкlуатэм зредгъэхьэлlэрэ дыкъыфlыщlэпхъэуэ, щыlыкlуэтыжкlэ «нэщ» къэтъуа мывэ кlэщхьым зыхэдгъэджэраззу.

Езы псыми, ди хущытыкlэр игу ирихьа фlэкlа умыщlэну, зэми кlыщlэдзакъэ-къыдэпхъуэ хуэдэурэ зыкъыдигъэлъагъурт, мыдрейхэм я деж къэдэхэщlэжырт.

Уегупсысмэ, ар, дауи, теплъыджэщ: цlыхур щыуэпсым, сабийм хуэдэу гу къабзэ-псэ къабзэу, щыщыгуфlыкlкlэ, езыми зыкъыдимыщыщын зэрызыхуэфlэмыкlыр!

КЪУМАХУЭ Асльэн.

(Къыкlэлъыкlуэнущ).

Тхьэрыкъуахъуэ Руслан къызэрытlущlар

● Шапсыгъ хэку

Гъуэгум и кlыхьагъкlэ мы псымкlэ зывмыгъэнщlамэ, дыздэкlуэми ар щыlэщ, - жиlэри, нэхъыщlэ цыкlухэм яхуэгуфlащ.

Бысымым ди къэпшыпхэм ящыщ къищтауэ, дыздэкlуэм, долъагъу: нэпкъым тет мывэ блын гъэжам адэкlэ бзылъхугъэ лъагъуэгъуафlэ гуэр къыlутщ, машинэ псынщlи къыбгъэдэтщ. Абдежым дигу къэкlаращ: «Мыр, дауи, Руслан и щхьэгъусэращ, гъущыыщри а тlур мы щыпlэм къэзыщэсарщ».

Къыпежьахэм ди къэпшыпхэр я машинэ гупкlэм ирагъэзагъэщ, дэри дагъэкlэсыжри, Шахэпэ щlэ я щlапlэр здэщыlэ лъэныкъуэмкlэ ирагъэзыхащ. Арыхэуи, Шахэкlеишхуэ (Большой Кичмай) шапсыгъ къуажэм кlуэрыкlуэм тету дыдэкlащ. Ар хы Іуфэм километри 7 хуэдизкlэ пlэщlэщ, щыпlапlпхэр дзэзыхьэх тlуащlэ телъыджэр и хэщlапlэу. А пщыхьащхьэ дыдэм а жьлэм къытедгъэзащ, гъэщlэгъуэну гуфlэгъуэ пшыхь щекlуэкlа щыпlэми дыщыlащ. Ауэ, ар нэгъуэщlу хьыбарщ.

Быысымэм дыздашэмкlэ къедгъэзэкlыжьнщи, дыздынашэсамрэ дыкъызэдыIукlамрэ я зэхуаку километри 10 хуэдизкlэ дэлъми арагъэнщ.

Зэщхьэгъуситlым я бын цыкlухэр, къыlульэджэ машинэм гу зэрылъатэу, пщlантlэм къызэрыдэхащ, альандэрэ къызэрытпэплъа къыдагъащlэрэ хьатхуэгуфlэжэу.

Абдежым дэ зыхэтщlащ Тхьэрыкъуахъуэхэ хэщlагъэ нэс къызэрыдахьнури, псэгъэтшныщыгъу дахэ я деж зэрыщыдгъуэтынури. Дыкъэзышэса «шыгум» ди къэпшыпхэр къызэдитхри, дыгъэпсым щlигъэна пщlантlэ Іэкуитлъхуитым и бгъымкlэ зыщыщэзыуэдия жьзымейм и лъабжьэм дыщеtысхащ.

Псышхуэм зыкъызэрыддищlар

Дэ, гъуэгу здэытетахэм, хьэщlэщ папщlэу пэш щхьэхуэ тхуагъэхьэзырати, щэджагъуашхэ нэужьым абы зыщедгъэщlащ. Ренэ пэжьыгъэ Іуэхуэ Іукlати, пщыхьэщхьэхуегъэзэкlыу къигъэзэжащ. Асыхьэтуи къыджиlащ нэхъыщlэ щыкlуэр (езым ейхэри яхэту) куэд щlауэ зыщlэхъуэпс «псышхуэм» дызэрищэр.

Дыздынэсам щыхухэм я къыlуухьэтъуэт. Хы щхьэфэм къэухъубеифэ тетми, ныбжьыщlэхэм дуней тхъэгъуэр зэрахьэрт. Зэгъуэсхэр чэзу-чэзууэрэ псым дыхьэрт.

Абдежым дгъэщlэгъуэращ. Бысымымрэ и къуэ нэхъыжьымрэ, тlури нэжэгужэрэ Іэпкъпльэпкъ псынщlэхэу, псы зыкъэзыlэтам, я гъащlэм ямылъэгъуам хуэдэу, хуэнэхъуеинщэу щыгуфlыкlхэрт, хэлъадэрти хысыджхэм зыкlыщlадзэрт. Ар зыlъагъу дэри, ещхьырыкъабзэу джэгуным дыхуэпабгъэти, псым и зыщlыкlэм зыдедгъэкlурт: къыщыкlуатэм зредгъэхьэлlэрэ дыкъыфlыщlэпхъэуэ, щыlыкlуэтыжкlэ «нэщ» къэтъуа мывэ кlэщхьым зыхэдгъэджэраззу.

Езы псыми, ди хущытыкlэр игу ирихьа фlэкlа умыщlэну, зэми кlыщlэдзакъэ-къыдэпхъуэ хуэдэурэ зыкъыдигъэлъагъурт, мыдрейхэм я деж къэдэхэщlэжырт.

Уегупсысмэ, ар, дауи, теплъыджэщ: цlыхур щыуэпсым, сабийм хуэдэу гу къабзэ-псэ къабзэу, щыщыгуфlыкlкlэ, езыми зыкъыдимыщыщын зэрызыхуэфlэмыкlыр!

КЪУМАХУЭ Асльэн.

(Къыкlэлъыкlуэнущ).

Бабыкъу къуажэ (Бабук-аул)

● ЩlыпlэцIэхэр

Шахэ псышхуэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкlэ Беикъуэпсрэ Бушийрэ къыщыхэлъадэкlэ, а щым я зэхуаку къыщыунэху хуей зэхуэщимэ-зэпэплlимэм итщ ар. КIахэ адыгэхэм а щыпlэм щхьэкlэ ноби «Бабыкъу къуажэ» жаlэ.

ФlЭЩЫГЪЭР языныкъуэхэми «Бабыкъуэ» унагъуэцlэм къытехьукlауэ къалъытэ, мыдрейхэми ар «Бабыкъу» цlыхухъуцlэм къытепщыкlауэ жаlэ.

Урыс-Кавказ зауэм и кlэхэм Шахэ и псыхъащхьэхэр и хэщlапlэт къущхьэрыс (бгырыс) убыххэм я дзэпщ нэхъ къэхъуэм хабжэу щыта, Бэрзэдж лакъэум щыщ, зыкъы Бабыкъу Алым-Джэрий. Зэпэщlэувэжыгъэ кlыхьым икlи хьэлъэм и иужьрей илъэсхэм пащтыхьыдзэхэм мы щыпlэм щыпхраша «Убых кордон линие» зыфlащари мыбдежхэрат щиухыр.

1864 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м Бабыкъу къуажэ и Іэгъуэблагъэм щыззрихьэлlэгъащ зы пlалъэм къриубыдэу убыххэм я щlынальэм къызэрыгъуэз щыта пащтыхьыдзэхэм ящыщу 3-р: Дыгъэмыс лъэныкъуэмкlэ къикlыу мы щыпlэм къихьа, генерал-майор Гейман зи Іэтащхьэ пакlэр, къущхьащlыб лъэныкъуэмкlэ щежэх Пщыхьэ и къуэладжэм къыдэкlыу, уэсукъуэхэм я къыгуэгуъуэм хуэзэу, къуршхэмкlэ къыщхьэпрыкlа, генерал-майор Граббе Николай зи пашэ гупымрэ Дахэ псыхъуэр Урысейм къызэрызэуа дзэмрэ («Даховский отряд»).

Къызздебгъэрыкlуа урысыдзэхэм есы Бабыкъу хьэжьыр япежьэн хуей хъуащ, и жьлэхэр бийм зэтримыгъэгъэсхьэн папщlэ. А Іэхугъуэр езы убыххэм къаззрыхуэщхьэпэжа щlагъуэ щымыlэми, Бабыкъу къуажэм къыдэна псэуалъэхэр язы урысхэм иужьым къагъэсэбэпыжащ: дзэ гуэдзэм къадэкlуа лъэсырыкlуэ батальон псо «щlагъэззгъащ».

Зэрыпхъуакlуэхэм я нэгу кlыщlэуба къуажэр и «щыфэlыфэкlэ» телъыджэт: унэхэр зыхэгъэпэщкlуха жыг хадзкэм адэкlэ-мыдэкlэ къыщыхьэлъагъуакlырт, уэрам хэгъэунэхукlа гуэрхэри я зэхуакум дэмыту. Абыхэм къахэщхьэхукlырт, гу лъымытэнкlэ Іэмал имыlэу, езы Бабыкъу хьэжьым къатитlу зэтет и унэ дэгъуэр - зи унащхьэр пхъэбгъу зыкъизыхxэмкlэ зэщlэIуплар *(«Кавказ» журнал, 1868 гъэ, Невский Павел: «Закубанский край в 1864 г.», 97-нэ нэпкlуэцl).*

Бабыкъу къуажэ деж ноби ущрохьэлlэ гъуапlпэрэ гъущlрэ къыщыщlалуущыкlыу щыта, гъуэжлау теплъэ зиlэ лъэщlэжьхэм. Іэгъуэблагъэм щыпlалъагъунущ мы щыпlэм щыпсэуахэм зи гугъу тщlа лlэужьыкъэрэ щагъэткlу-щагъэвыжу къадекlуэжа щІытІ абрагъуэхэри. Абыхэм иджыри къыздэсым къыщlагъуэтэ гъуапlпэ, гъущlпкъыгъуэжьм я пыдзакуэ зэхуэмыдэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, мыбы хуэдэ пасэрей къыщlэхыпlэхэмрэ лъэщапlэжьхэмрэ адыгэ-абазэ-зыбгъ лъэпкъ зэрыбыныр ижь-ижьыжкІэрэ зэрыса адрей бгылъэ щыналъэхэми дазэрыщрихьэлlэр.

Адыгэ Республикэм щыщ щlэныгъэлl цlэрыlуэ, щыпlэщlэхэр джыным куэд щlауэ дихьэх Мерзэтыкъуэ Къасым щыхьэт зэрытехьэмкlэ, Бабыкъу къуажэр здэщыт щыпlэм хуэгъэзауэ адыгэхэм нэхъапэм «Инал и кlей» фlэщыгъэри къагъэсэбэпу щытащ. Мерзэтыкъуэм зэрыхуигъэфащэмкlэ, а псалъэхэр етпх хъунущ Инал пшыщхуэм, лъэхъэнэ блэкlа жыжьэ-хэм адыгэ лъэпкъхэр зэкъуэзыгъэзэфауэ щытам, и цlэм.

1866 гъэм Шахэ и псыхъущхьэхэр къыпlыхьат щlынальэр зыlэщlэзыгъэхьа урыс пащтыхь администрацэм къызэригъэпэща комиссэм. А зэманым абы игъэхьэзыра «дафтэрым» къызэрыщыгъэльэгъуэжамкlэ, «Бабук-аул» (Бабыкъу къуажэ) зыфlаща щlыпlэ пхыдзар Беикъуэрэ Бушийрэ Шахэ щыхэлъэдэжым деж къыщыунэху хьтlыгу ныкъуэщ. Ар щимэ щlыкlэу псищым я зэхуакум «дэубыдащ», щы къатитlуи зэтетщ.

Ищхьэ сэтейм и кум хуэзэу псей абрагъуэхэр зэгъуэрым итыгъащ, дэтхэнэми и щхьэкlэр метр 50-м нэблагъэкlэ щым щхьэщыlэтыкlауэ. Жыг гуэрэнцр Тхьэщlагъ мэзу къалъытэрт икlи абдежым адыги, абази, убыхи щызэхуэсырт, махуэшхуэ тхьэлъэlуэхэр щызэгъэльапlэу.

Бабыкъу къуажэр куэд дэмыкlыу ябгынэн хуей хъуащ абы къыдагъэтlысхьауэ щыта урысхэми нэгъуащl лъэпкъхэм щыщхэми, щыlэпlэр къаззремызэгъам къыхэкlыу.

Мыбдежыр ижькlэрэ и къежьапlэщ Щхьэгуащэ щхьэдэхьпlэм ноби ухуэзышэ шу-лъэс лъагъуэм, ищхъэрэ лъэныкъуэмкlэ щыlэ Хъымыщкlей гуэрэным ухуэзышэм.

Къуажэр здэщыта щlыпlэм деж мы зэманым Кавказ мэзкъуэдым и Къухьэпlэ къудамэм и гъунапкъэхъумэхэм я хэщlапlэ итщ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщlэ.

Сыту пlэрэ къикlыр?

Буший. Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм хиубыдэ Щхьэгуащэ щхьэдэхьпlэр зи къежьапlэ Шахэ бгыщхьэхэмкlэ къыщыхэлъадэ и къуэпс цыкlухэм ящыщ зым апхуэдэу йоджэ. Километри 8 хуэдизи и кlыхьагъщ. И къуэладжэр псыкъелъэ цыкlухэмрэ жьанэ Іуэзвэхэмкlэ бейщ.

ФlЭЩЫГЪЭР къызытехьукlар къэтлъыхъуэн мурадыр диlэу, къызэзгэтха тхьлъхэмрэ Интернетым дызыщыхэплъа тхьгъэхэмрэ къыщыдгъуэта мащlэм я гугъу тщlынщ.

Абхъаз-абазэ бзэхэр зыджхэм «Буший» псалъэр щызэпкърахкlэ, «Бу» пычыгъуэм хальагъуэр абазэми убыхми я деж щlэзекlуэу щыта Буа//Бааа лакъэуцlэм зэреджэрщ. Абыхэм зэрытрагъэчныныхьымкlэ, «Буший»-м и «ши», «ший» Іыхьэр абазэ-убыхыбзэхэм хэт «шIы» псалъэм, «зэщlэщтыхьа», «щIыlэ» мыхьэнэхэр къызэрыкlым, хузхьыпхъэщ. Ауэ щыхъукlи, щыlапlэцlэм зэрыщыту дыззрегупсыс хъунур, «Буа//Бааа лакъэуцlэм я психьэу щыlэ» мыхьэнэм хуэдгъакlуэщ.

Мыдрейуэ. Дэ дызэреплъыкlэ, псы бгъунэ цыкlум зэреджэр адыгэбзэкlэ къыдгурызыгъэIуэну хущlэкъуэхэм «бужы» (-бужы - жыг лlэужьыгъуэщlэ псалъэ-пкъыр къагъэсэбэпыри хэлъщ, Арщхьэкlэ, тхыдэ мыж

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Уэхъутэ **Александр къытхуигъэхьа сурэт**

Литераторхэм я унэу Москва дэтым 2017 гъэм фокІадэм и 14 - 15 махуэхэм щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и тхакІуэхэм я 15-нэ зэхьыхьэшхуэр. ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэ 85-м я лІыкІуэу 180-м нэблагъэ хэтащ а съездым и лэжьыгъэм.

Къзбэрдей-Балъкъэрым икІащ КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Беппаев МутІэлипрэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ. Апхуэдэуи абы щыІащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ Даур Жэгъэфар. Абы адыгэ фащэр щыгъ-ти, щІыналъэ зэхуэмыдэхэм къикІа хьэщІэхэм нэхъыжьхьи и гъусэу сурэт зытрагъэхащ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Дыщэ кІанэ

Махуэ гуэрым бейгуэлхэр и гъусэу къуажэпщыр щакІуэ къикІыжырт. КъащэкІуа щІагъуи щымыІэу, еша-елІауэ къэкІуэж гупым дыхьэшх макъыишхуэ зэхахащ. ЦІыкІури инри хуабжьу цыдыхьэшх унэм пщым и гупыр пэгъунэгъу щыхьум, ар Дизкъуажэ и унэрауэ къыщІэкІащ. Пщым фІэгъэщІэгъуэн хъури:

- Мы факъыр унэр мыпхуэдизу щІэтхъэр сыту пІэрэ? КъэщІамэ хъунт ахэр апхуэдизу зыгъэдыхьэшхыр, - жиІащ.

Бейгуэлхэм ящыщ зы джэри, Дизкъуажэ къыщІишащ.

- Мыпхуэдизу фызыгъэдыхьэшхыр сыт? ДыблэкІыжэ пэт фи дыхьэшх мажьым дыкъигъэувІащ. Пщым ищІэну фІэфІщи, къыджеІэ!

- Уэлэхьи, къытхэхъуауэ дызыгъэдыхьэшхи щымыІэ, зы дыщэ кІанэ цІыкІу диІэщи, зэхуэдэзурэ дридыхьэшхыу аращ, - жиІащ Дизкъуажэ.

Бейгуэлым Дизкъуажэ и псалъэр пщым щыІэригъэхьэжьи, зыри жимыІэу ежьэжащ. Унэм зэрынэсижу:

- Дизкъуажэ и бынхэр дыщэ кІанэ щыкІукІэ апхуэдизу щигъэдыхьэшхьфакІэ, сэ си бынхэр нэхъыфІыжу кІанэшхуэкІэ згъэдыхьэшхынщ, - жиІэри зы дыщэ кІанэжь иІэти кьищтащ.

И бынхэр хуэрейуэ къригъэувэкІри, гъуэрыгъуэрэ дыщэ кІанэр яхуидзу иригъэжьащ. Хэти къыхэумыІыбыду, Іэпыхурэ и лъапэм техуэу, хэти и бгъэгум хуищІэу къихуэу, игъэдыхьэшхьи дэнэ къэна, дыщэ кІанэм быныр гъынанэу зэбгригъэкІыжащ. Ар щилъагъуи:

- Мыр дауэ? ДыкъигъэпцІауэ ара? Сыт а бацэхэплъыр зыхуейр? Апхуэдэхрат иджы сэ сыкъэзымыгъэпцІэжар. ФыкІуи къыскухэфшэ, - жиІэри Дизкъуажэ къригъэшащ пщым.

- А хьэуэрэ хьэм къилъхуа, сыкъыщІэбгъэпцІар сыт? ГъэпцІагъэрэ делагъэкІэ си бынхэр сыбгъэукІыжырти!

- Сыт къэхъуар, зиусхьэн, сыту Іейуэ укъэгубжьа? Сэ сыткІэ сыкъуанщэ?

- Укъуаншащ арэфу. Си бынхэр дыщэ кІанэкІэ согъэдыхьэшх жызыІар уэракъэ?

- Сэращ.

- НтІэ, сэ си бынхэр сыту мыдыхьэшхарэ? Дыхьэшхыным и пІэкІэ хэт и лъакъуэр, хэт и шхужьыр уфІыцІащ.

- Уэ яхуэбдзар дыщэ дыдэт?

- ЦІымыщ хэмылъу дыщэ къабзэт. Куэдрэ, зумылъэфыкъу, мы Іэхум хьилагъэ гуэр хэлъщи, къызжеІэ.

- Уэлэхьи, зиусхьэн, хьилагъэ лъэпкъ пкІэлъызэзмыхьэ, фыкъэзмыгъэпцІа, апхуэди симыхьэл. Дызыгъэдыхьэшхам фыкъыщІэупщІати, вжеслаг, ауэ сэ зи гугъу сщІар уэ къыбгурыІуакъым.

- Дауэ? Хэт уэ нэхърэ нэхъ делэу уи гугъэр? - пщыр нэхъри мэкІий.

- НтІэ, уи фІэщ щымыхъукІэ, накІуэ, иджыпсту уэзгъэлъагъунщ.

- Къэпхъми слъагъунщ ар сэ, - жиІат пщыми, Дизкъуажэ кІуэжащ, агъэбыгъэ хъуа я сабий цІыкІур иЫгъыу кІэщІу къигъэзэжри:

- Мис, зиусхьэн, сэ дыщэ кІанэ жьхуэсІар! Мыращ дыщэ кІанэр, армыхъумэ уэ уи дыщэр, уэ дыщэ жьхуэпІэр сытым щыщ! - жиІэурэ пщым сабийр иригъэлъагъуат жаІэж.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Пасэрейхэм я псалъэ

Хъы зэІузыщэр езыр абы еубыд

Пщэдейрей махуэр къэмыунэхуауэ ар зэрыбгъэкІуэну щІыкІэр умыубзыху. Зыми ищІэркъым абы къыздихьыну Іэхугъуэхэр.

* * *

Зыщумыгъэгъупщэ: гъащІэращ уасэ зиІэр!

* * *

Жыжьаплъэм и гур сытым дежи пІейтейщ. Апхуэдэ къэмыхъун щхьакІэ, нэхъ пасэу упежьэу, умынэщхьей, апхуэдэ дыдэуи - иджыри къомыхъулІам уримыгуфІэ.

* * *

Пэжыр пасэми гувами дунейм къытехьэжьинурэ, пцІым и лъэр щІиудынущ.

* * *

Гуапагъэмрэ пэжыгъэмрэ зи Іэпэгъущ псы Іуфэм гугъуехьышнэу есылІэфыр.

* * *

Хъы зэІузыщэр езыр абы еубыд; мащэ къэзытІыр езыр йохуэж; сэ зылъым езыр еукІыж.

* * *

Іейр фІы пщІыжыну ухэмытмэ, бэгъуэнущ.

* * *

НэгъуэщІым и псалъэ ущІэдэІуну сэбэпщ.

* * *

Уи ныбжьэгъухэр пхъумэн щхьэкІэ, къуаншагъэхэр яхуэбгъэгъуфу щытын хуейщ.

* * *

ЦІыхум узэрыхущытынур езыр адрейхэм зэрахущытым хуэдэущ.

* * *

КъэгубжьыгъуафІэр пэжым зэи нэсынукъым.

Мы псалъэхэр хъума щыхъуар
Пасэрей Мысырыр щ.
Ахэр зейхэм я цІэхэр ди деж къэсакъым.

● Ар пэжщ

Бзылъхугъэ къузгъун

ГРИН Хетти (1834 - 1916). Мы цІыхубзым нэхърэ нэхъ бадзэ щыІэ дунейм къытехьауэ къыщІэкІынкъым. И быдагъымрэ Іэхуэкіэ зэрынабдзэгубдзаплъэмрэ беягъэшхуэ къыхуахьащ, икІи дунейм щынэхъ къулей бзылъхугъэу къалъытащ. Ахъшэ куэд иІэ пэтми, и мылъкур апхуэдизкІэ зэригъэзахуэрти, зыцІыху псоми яфІэтлъыдыжэт. Псалъэм къыдэкІуэу жьытІэнщи, Хетти сытым дежи щыгъар зы бостей фІыцІэ цІыкІуи, доллар ныкъуэ и уасэ эхэлъвэ фІэкІа ишхыртэкъым, псы пщтыр зэи къигъэсэбэпыртэкъым.

Щылажьэр банкым и пэІущІэ пэшышхуэрат, тхьылъымпІэ зэрыпІа пхъуантэхэмкІэ къэзгъэтІылъыхьауэ, бэджэнд уасэ имытын щхьэкІэ.

Хетти и псэупІэр щІэхщІхьыу ихъуэжырт, хьэщІэщ нэхъ пуду къызэригъэутым елъытауэ. Ари налог Іуэхущіапіэм гу зылъэримыгъэтэн щхьэкІэт. И къуэ и лъакъуэр щикъутам, къамыщІыхужьын хуэдэу зихуапэри, жылагъуэ сымаджэщым ишат, ахъшэ щІимытын щхьэкІэ. АрщхьэкІэ, къэзылъэгъуаехэм къащІыхужати, гужьейри къыщІэжьжат, и къуэ сымаджэр къигъанэри. Абы тригъэкІуэдэну мылъкум щысхьри, дохутыр тэмэму къригъэІэзатэкъыми, щІалэм и лъакъуэр пахын хуей хьущ. Езы быдэри сымаджэ щыхъуам, операцэм доллари 150-рэ ихьыну, дохутыри зригъэзгъэІусауэ щытакъым. А лъэхъэнэм къриубыдэу абы доллар мелардитІ иІэт. Абы иужькІэ зыбжанэрэ инфаркт хъуащ, иужьрейм иІыкІащ и ныбжьыр ильэс 81-рэ хъуу.

ШЫБЗЫХЪУЭ Нащхъ

● Ущие

Шэсыпіэ сохьэ

Гъуэгурыкіуэ гуэр Іэхъуэм еупщІащ:

- Пщэдей дунейм и щытыкІэнур сыт хуэдэу пІэрэ?

- Сэ сфІэфІым хуэдэу щытынущ, - жи Іэхъуэм.

- Дэнэ щыпщІэр уэ узэрыхуейм хуэдэу щытыну?

- Сэ куэд щІауэ къызгурыІуащ узыхуей посри зэрызыІэрумыгъэхьэфынур икІи зезгъэсащ екІуэкІымрэ къэкІуэнымрэ сахуэзарэзыуэ. Аращи, иджыпсту шэсыпІэ сихьэфынущ сэ сфІэфІ дунейм и щытыкІэм хуэдэ пщдей щыІэну...

Іуэхугъуищым куэд къыбжаІэ

ЦІыху Іущ гуэрым жиІащ:

Іуэхугъуищым зэи къагъэзэжыркъым: зэманым, псалъэм, Іэмалым.

Іуэхугъуищ зэи зысфІэбгъэкІуэд хъунукъым: шыІэныгъэ, гугъэ, пщІэ.

Іуэхугъуищщ гъащІэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр: лъагъуныгъэ, фІэщхъуныгъэ, ныбжьэгъугъэ.

Мыхьэнэ епт хъунукъым Іуэхугъуищым: къулыкъум, мылъкум, зэрымыщІэкІэ къыпхукъуэкІ насыпым.

ЦІыхур къэрипІыхуну Іэмалищым урикъунущ: лэжьыгъэ, пэжыгъэ, ехъулІэныгъэ.

ЦІыхур зыгъэкІуэдыр Іуэхугъуищщ: шагъыр, пагагъэ, губжь.

ЦІыхум жиІэну къехьэлъэкІ псалъэщыр: къыхсухэгъэгъу, къыздэІэпыкъу, фІыуэ узолъагъу.

Дунейр гъуджэм хуэдэщ

Аргуэйр бадзэм еупщІащ:

- Мы Іэшэлъашэм удз гъэгъа иту пІэрэ?

- Удз гъэгъам теухуауэ зыри бжесІэфынукъым, ауэ пхъэнкІийрэ цІыхухэр зыхуэмеиж хьэпшып ныкъуэфхэмрэ дэнэ джеи ущрихьэлІэнущ. Уи фІэщ мыхъумэ, къызэхэлъэтыхьи еплъ, плъагунур куэнышб идзыпІэщ.

Къыжраіа лъэныкъуэмкІэ аргуэйм иунэтІауэ, бжьэ ирохьэлІэ.

- Мыбдежхэм куэнышб щыкуэду жаІащи, ирихьэлІауэ пІэрэ? - щІоупщІэ аргуэйр.

- Куэншыб сщІэркъым, ауэ тІэкІу къызэхэплъэтыхьмэ, мы щІыпІэм удз гъэгъа дахэ куэд щыплъагъунущ.

Дахагъэм, гуакІуагъэм гу щылъыптэр абы укъхуигъэщІамэщ, уигу илъмэщ. Дунейр гъуджэм хуэдэщ, дэтхэнэми езым и теплъэр иригъэувэжу.

● ГъэщІэгъуэнщ

Дыщэ кІанэ

Махуэ гуэрым бейгуэлхэр и гъусэу къуажэпщыр щакІуэ къикІыжырт. КъащэкІуа щІагъуи щымыІэу, еша-елІауэ къэкІуэж гупым дыхьэшх макъыишхуэ зэхахащ. ЦІыкІури инри хуабжьу цыдыхьэшх унэм пщым и гупыр пэгъунэгъу щыхьум, ар Дизкъуажэ и унэрауэ къыщІэкІащ. Пщым фІэгъэщІэгъуэн хъури:

- Мы факъыр унэр мыпхуэдизу щІэтхъэр сыту пІэрэ? КъэщІамэ хъунт ахэр апхуэдизу зыгъэдыхьэшхыр, - жиІащ.

Бейгуэлхэм ящыщ зы джэри, Дизкъуажэ къыщІишащ.

- Мыпхуэдизу фызыгъэдыхьэшхыр сыт? ДыблэкІыжэ пэт фи дыхьэшх мажьым дыкъигъэувІащ. Пщым ищІэну фІэфІщи, къыджеІэ!

- Уэлэхьи, къытхэхъуауэ дызыгъэдыхьэшхи щымыІэ, зы дыщэ кІанэ цІыкІу диІэщи, зэхуэдэзурэ дридыхьэшхыу аращ, - жиІащ Дизкъуажэ.

Бейгуэлым Дизкъуажэ и псалъэр пщым щыІэригъэхьэжьи, зыри жимыІэу ежьэжащ. Унэм зэрынэсижу:

- Дизкъуажэ и бынхэр дыщэ кІанэ щыкІукІэ апхуэдизу щигъэдыхьэшхьфакІэ, сэ си бынхэр нэхъыфІыжу кІанэшхуэкІэ згъэдыхьэшхынщ, - жиІэри зы дыщэ кІанэжь иІэти кьищтащ.

И бынхэр хуэрейуэ къригъэувэкІри, гъуэрыгъуэрэ дыщэ кІанэр яхуидзу иригъэжьащ. Хэти къыхэумыІыбыду, Іэпыхурэ и лъапэм техуэу, хэти и бгъэгум хуищІэу къихуэу, игъэдыхьэшхьи дэнэ къэна, дыщэ кІанэм быныр гъынанэу зэбгригъэкІыжащ. Ар щилъагъуи:

- Мыр дауэ? ДыкъигъэпцІауэ ара? Сыт а бацэхэплъыр зыхуейр? Апхуэдэхрат иджы сэ сыкъэзымыгъэпцІэжар. ФыкІуи къыскухэфшэ, - жиІэри Дизкъуажэ къригъэшащ пщым.

- А хьэуэрэ хьэм къилъхуа, сыкъыщІэбгъэпцІар сыт? ГъэпцІагъэрэ делагъэкІэ си бынхэр сыбгъэукІыжырти!

- Сыт къэхъуар, зиусхьэн, сыту Іейуэ укъэгубжьа? Сэ сыткІэ сыкъуанщэ?

- Укъуаншащ арэфу. Си бынхэр дыщэ кІанэкІэ согъэдыхьэшх жызыІар уэракъэ?

- Сэращ.

- НтІэ, сэ си бынхэр сыту мыдыхьэшхарэ? Дыхьэшхыным и пІэкІэ хэт и лъакъуэр, хэт и шхужьыр уфІыцІащ.

- Уэ яхуэбдзар дыщэ дыдэт?

- ЦІымыщ хэмылъу дыщэ къабзэт. Куэдрэ, зумылъэфыкъу, мы Іэхум хьилагъэ гуэр хэлъщи, къызжеІэ.

- Уэлэхьи, зиусхьэн, хьилагъэ лъэпкъ пкІэлъызэзмыхьэ, фыкъэзмыгъэпцІа, апхуэди симыхьэл. Дызыгъэдыхьэшхам фыкъыщІэупщІати, вжеслаг, ауэ сэ зи гугъу сщІар уэ къыбгурыІуакъым.

- Дауэ? Хэт уэ нэхърэ нэхъ делэу уи гугъэр? - пщыр нэхъри мэкІий.

- НтІэ, уи фІэщ щымыхъукІэ, накІуэ, иджыпсту уэзгъэлъагъунщ.

- Къэпхъми слъагъунщ ар сэ, - жиІат пщыми, Дизкъуажэ кІуэжащ, агъэбыгъэ хъуа я сабий цІыкІур иЫгъыу кІэщІу къигъэзэжри:

- Мис, зиусхьэн, сэ дыщэ кІанэ жьхуэсІар! Мыращ дыщэ кІанэр, армыхъумэ уэ уи дыщэр, уэ дыщэ жьхуэпІэр сытым щыщ! - жиІэурэ пщым сабийр иригъэлъагъуат жаІэж.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Лъэпкъ щхьныгъуэ

Джэш хьэнтхъупс, шатэкІэ щІа бжьыныху шыпс текІауэ

Джэш зэхэщыпыкІар щэ-плІэ ялъэс, псы щІыІэм халъхьэри, мафІэ иныи тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Шыуаныщхьэр трамыплІэу дакъикъэ 20-25-кІэ мафІэ щабэм тету ягъавэ, тхъурымбэри къытрахыурэ. ИтІанэ а псыр иракІутри, псывэ щІакІэж, зэІащІэ, мафІэр щабэ ящІри, ныкъуэвэ хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Шыгъу хадзэри хьэзыр хьуху сыхьэтищ-плІыкІэ ягъавэ. Шыуаныр пэшьхэкъм къытрахри, бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэ, и щхьэр трапІэри, дакъикъитху-хыкІэ щагъэт. Іэнэм щытрагъэувэкІэ, джэш хьэнтхъупсыр фалъэм иракІэри, бжьыныху шыпсыр тракІэж. ЩІакъэуэ е чыржьн дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):

Джэш плъыжьу - г 70

Япэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000

ЕтІуанэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000

Шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлыбжьам:

Тхъууэ - г 20

Бжьын укъэбзауэ - г 20

Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

Бжьыныху шыпсым:

Шатэу - г 80

Бжьыныху укъэбзауэ - г 10

Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз

***Екіуэкіыу*:** **1**. Губгъуэ хьэсэхэм, хадэхэм къыщыкІ удзыжь тхьэмпэ псыгъуэ, и щхьэр щхьэмыжьым ещхьу. **4**. Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбардей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ, Урысей Федерацэм щыхъэзиІэ и артист. Дыззрыт гъэм и ныбжьыр ильэс 70 ирокъу. **7**. Сабийм и ... макъым дэрэжэгъуэ къует. **8**. ... ... лъагъуэ зэхуаІэщ. **9**. ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **11**. Іуэхукіэ нэгъуэщІ къалэ кІуэхэр къыщыувыІэ хабзэ унэ. **14**. Зы унагъуэ гуэрым я быным щэхуу ирахужьамэ е япхуэ ирахьэжьамэ, кІэлъыщІэпхъуэ гуп. **15**. Сэхуран иракІутэн пащІэ яшыхьа тхылъымпІэ. **17**. Пщыхьэщхьэм хэкІуэтауэ ящІ нэмэз. **18**. Хъыджэбз, цІыхубз щІалэ. **20**. Щоджэнцыкіу Алий лъэпкъ литературэм щыпхишащ езым и ... **25**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта ... Борис. Е къуажэщІэ. **26**. Хеймрэ мысэмрэ щызэхагъэкІ Іэнатіэ. **27**. Языныкъуэ псэущхьэхэм я щІыфэм хищІэ хьэпІащІэ. **32**. ... нэгъуэщІым хуэптІмэ, уэ уихуэжьынкІэ мэхъу. **33**. Адыгэ уэрэдус Іэзэ Согуэ ... **34**. УмышІэхъэу къыпщыщІ мыхъумыщІагъэ, пІэщІэкІ щыуагъэ. **36**. Адыгэ усакІуэ, «Іуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакІуэу щыта. **38**. Къэрэгъул, хьумакІуэ, ... **39**. Лъэпкъым ... узынщэ къыщІэхьуэмэ, и насыпщ. **40**. ЩІалэщІэр ... кцІрэ фо цІынэкІэ яплащ. **43**. ШІхьнэдзэ. **45**. Адыгэ усакІуэ, Хэку зауэшхуэм лъхъужьу хэта. **46**. Жьг зытеуэри ..., пщІащ эытехуэри ... **47**. Яхуэмылажьэ бжьэхъушхуэ.

***Къехьу*:** **1**. Гукъеуэ зиІэр псалъалэщи, ... зиІэр тІэхъуалэщ. **2**. ГъукІэм и лъэщапІэ. **3**. Хъуаргъ лъэпкъ. **5**. Гъуэгум тельщ ... къутахуэ. **6**. ... хуэмыфІ хьэдрыхэ кІуэркъым. **10**. Мэлищэ щІакъуэншэ ... **11** Адыгэ композитор, ПащІэ Бэчмырзэ и пхъурылъху. **12**. МахуэцІэ. **13**. Си гъунэгъум ... быдэ хьэзитащ ахъшэ щІыхуэ сІихар и чэзум къысІэригъэхьажьну. **14**. Ныбжьэгъу ... уиІэныр Іэджэ и уасэщ. **16**. ... зэуар аркъэным щощтэ.**19**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэт цІэрыІуэ щыхъуа къуажэ. **21**. Языныкъуэ пхъэщхьэмыщІыхьэхэм я кум илъ. **22**. Зиусхьэн лъэпкъ. **23**. Зеиншэ. **24**. ХьэкІэпычым гу кІуэм ... кхыкІэреуд. **28**. Дунейр гъуэрыгъуэ ... **29**. Псым и адрей лъэныкъуэм къыщыІэ щІынальэ. **30**. Адыгэ таурихьэхэм узыщрихьэлІэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фІэту. **31**. ... пэт мэхъуапсэ. **32**. «Щихухэр иджыри ...» - Къэрмокъуэ Мухьэмэд щІэрыІуэ зыщІа тхылъ. **35**. Ауан, гушыІэ хэлъу нэгъуэщІым ираутІыпщ псалъэ. **37**. Унагъуэм къахуеблэгъа хьэщІэм тас-... кхыхуащтэри зрагъэтхьэщІащ. **40**. Сирием адыгэхэр зэредж нэгъуэщІыцІэ. **41**. Пасэрей зэрыпыджэ Іэщэ. **42**. Зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухэ. **43**. Гъэмахуэм Іэщым и фэр изых бадзэшхуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Япэ метро

● Тхыдэм урилъэжмэ

Фишер Бобби ильэс 13 фІэкІа мыхъуауэ 1957 гъэм шахматхэмкІэ чемпион щыхъуауэ щытащ США-м. XX лІэщІыгъуэм къэхэна шахматист нэхъ екьэжьаэхэм ящыщщ ар.

И ныбжьыр ильэс 13-м иту юниорхэм я деж щытекІуащ, иужькІэ 1957 гъэм США-м и чемпион нэхъ щІалэ дыдэу къалъытащ. Аргуэру зы ильэс дэкІа нэужь, шахматым и тхыдэм хэта гроссмейстер нэхъ щІалэу къалъытащ.

* * *

Мексикэм и ипщэ лъэныкъуэм щыІэ Монте-Альбан археологие заповедник зэхэщэщэжам ХІІІ лІэщІыгъуэм щыщ гъэтІылъыгъэ гуэрхэр къыщагъэутауэ щытащ 1932 гъэм. Колумб и пэ щыІа Америкэм и зы къалэ нэхъ ин дыдэ ильэс миниті ньмэ нэблагъэкІэ щытащ а заповедникым деж.

* * *

1863 гъэм дунейм псом щыяпэу Лондон метро гуэргу къыщыізэІуахауэ щытащ.

* * *

Дунейм и щытыкІэнур къэзыхутэ Іуэхущ Іапіэр Урысейм къыщызэрагъэпэщащуэ щытащ 1872 гъэм. ШІышылэм и 13-м Санкт-Петербург дэт геофизикэ обсерваторэм дунейм и щытыкІэнур зэрыт бюллетень махуэ къэс къыщыдагъэкІыу щІадзащ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Эдуард** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; узынщагъэмкІэ, экологиемрэ спортымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэ-дзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактор* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* *корректорхэм я дэЗпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютер Іэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариан-нэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 2.129 ● Заказ №147